**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKA İNSTİTUTI’**

**5111100 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’**

**Azadova Nazokat Shavkatovnani’n’**

**«6-7 klasslarda muzi’ka sabagi’n wo’qi’ti’w metodlari’»**

**temasi’ndag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMISI

MAK da qorg`awg`a ruxsat
«Pedagogika» fakulteti dekani` w.w.a.
__________M.Allayarov
”____” _____________ 2016 ji’l

“Muzi’kali’q ta’lim”
kafedrasi’ basli’g’i’ docent
_________S. M. Tajetdi’nova

Ilimiy basshi’: ulken woqi’ti’wshi
_________ S. S. Kenjebaeva

**NO`KİS – 2016**

# M A Z M U N I


Kirisiw.......................................................................................................... 4-9

I.Bap .Mekteplerde muzi’ka pa`nin wo’qi’ti’wda qoyi’latug`i’n zamanago`y talaplar.......................................................................................................10-13.

1.1. Alti’nshi’ klassta muzi’kani’ wo’qi’ti’wdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’…………………………………………………………….....14-16

1.2. Jetinshi klasta muzi’kani’ wo’qi’ti’w metodikasi’ ha’m woni’n’ mazmuni’………………………………………………….........…..…17-19

1.3 Jetinshi klassta muzi’kani wo’qi’ti’wdi’n` mazmuni’ ha`m wazi’ypalari’...........................................................................................20-23.

II .Bap. 6-7 klasslarda muzi’ka sabagi’n woqi’ti’w metodlari’

2.1. 6-7 klasslarda muzi’ka sawati’n uyreti’w usi’llari’.................................24

2.2. 6-7 klaslarda woqi’wshi’lardi’ kompozitorlar do`reti’wshili’gi’ menen tanisti’ri’w…………………………………………………………… 25-28

2.3. 6- klassta muzi’ka sabag’i’n wo’qi’ti’w usi’llari’………………...…29-51

2.4. 7 klassta muzi’ka sabag’i’n wo’qi’ti’w usi’llari’…………………......52-57

Juwmaqlaw……………………………………………………....…...58-59

Paydalang’an a’debiyatlar……………………………………………...60

**TEMA: 6-7 klasslarda muzi’ka sabag’i’n woqi’t’iw metodlari’**

**J O B A**

Kirisiw

I.Bap . Mekteplerde muzi’ka pa`nin wo’qi’ti’wg’a qoyi’latug`i’n zamanago`y talaplar

1.1. Alti’nshi’ klassta muzi’kani’ wo’qi’ti’wdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’

1.2. Jetinshi klasta muzi’kani’ wo’qi’ti’w metodikasi’ ha’m woni’n’ mazmuni’

1.3. Jetinshi klassta muzi’kani’ wo’qi’ti’wdi’n` mazmuni’ ha`m wazi’ypalari’

II.Bap. 6-7 klasslarda muzi’ka sabag’i’n wo’qi’ti’w metodlari’

2.1. 6-7 klassta muzi’ka sabag’i’n wo’qi’ti’w usi’llari’

2.2. 7- klassta muzi’ka sabag’i’n wo’qi’ti’w usi’llari’

Juwmaqlaw.

Paydalang’an a’debiyatlar

## Kirisiw.

Ha`zirgi waqi’’tta yelimi’zde ju`z berip ati’rg`an ha`r qi’yli’ wo`zgerisler ha`m jan`alani’w da`wiri’ ha`r bir insannan jan`asha woylawdi’, baslama ko`teri’wdi, do`reti’wshilik penen is ali’p bari’wdi’ qatan` talap yetedi.

Ma’lim bolg’ani’nday, ma’mleketi’miz rawajlani’wi’ ha’m keleshek ta’li’m –ta’rbi’ya tarawi’ndag’i joqari wo’nimdarli’qqa yerisi’wge, wolardi’n’ ja’ha’n tali’m talaplari’na say keliwi’ ameliy turmi’stag’i’ worni’n qay darejede tawi’p ati’rg’ani’na baylani’sli’.

Sol ta`repinen ali’p qarasaq ta’li’m-ta’rbi’ya beri’w bolajaq qa’neyigelerdi’ jan’asha sharayatlarda islewge tayarlawshi’ protsess boli’p, aldi’n’g’i’ iyelegen bilimleri’ ti’ykari’nda unamli’ pedagogikali’q wo’nimlerdi beriwshi jan’asha qatnas jasawshi’ texnologiyalardi’ jarati’w ha’m yengiziwden ibarat. Bul talaplardi’ wori’nlaw ta’rbiya protsessin ilim-pa’n texnika– texnalogiyalardi’n’ yen’ songi’ jeti’skenlikleri’ ti’ykari’nda talaplardi’ yesapqa alg’an halda payda yeti’w derekleri’ni’n’ bar yekenligi’n aytip wo’tedi.

Ta’li’m-tarbi’ya tarawi’nda Respublikamizda bir qatar sho’lkemler a’melge asi’ri’lmaqta. Sonin’ ishi’nde, «Ta’lim haqqinda» gi’ ni’zam, «Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasi’» ha’m jaha’n ta’limi ulgi’ler talaplari’na mas keliwshi’ «Ma’mleket talim standartlari’n» da da’wi’r menen birgeli’kte, jan’a «intellektual a’sir» di’n’ aktiv qati’nasi’wshi’lardi’ tayarlaw ko’zde tuti’lg’an. XXI a’sirdi’n’ aktiv qati’nasi’wshi’si’ bolsa ken’ ma’nide ta’li’m – tarbi’ya ha’m wolardi’n’ rawajlani’wi’ haqqi’ndag’i’ mag’lumatlar menen baylani’sqan halda barkamal shaxsti’ kamalg’a jetkiziwde innovatsion protsessti wo’zinde ja’mlengen.

«Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasi» da ta’li’m wo’ri’nlari’nda zamanago’y pedagogikali’q texnalogiyalardi’ jarati’w ha’m wolardan, a’meliyatta ken’ paydalani’wg’a yeri’si’w, «Ta’lim – pa’n – a’meli’yat» integratsiyasi’ni’n’ ta’li’m sistemasi’ndag’i’ jeti’skenli’kleri’ne ayri’qsha iti’bar

qarati’lg’an. Qabi’l qi’li’ng’an «Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasi’» ni’n’ milliy modelindegi bas statiya da barkamal awlad tarbi’yasi’, g’a’rezsiz ha’m yerki’n pi’kirlewshi’, dunya qarasi’ ken’ shaxsti’ tarbi’yalaw ma’selesi’ boli’p yesaplanadi’. Bul wazi’ypani’ bolsa pedagogika pa’ni’ ti’ykarlari’nan xabarsi’z adam insan normasi’na jetkize almasli’g’i’ hesh kimge si’r yemes.

Usi’ ma’nide bolajaq wo’qi’twshi’lar aldi’na qoyi’latug’i’n jan’a pedagogikali’q woylawdi’ qaliplestiriw wazi’ypasi’ zamanago’y pedagogika pa’ninin’ mazmun – a’hmiyetin payda yetedi, sonday-aq, ja’miyet aldi’nda milliy mektep modelin jarati’w, milliy ta’lim sistamasi’n, woni’n’ mazmuni’n jaha’n tajiri’besi wo’lshemleri’ne say ma’mleket standartlari’ tiykari’nda jarati’w wazi’ypasi’n sheshiw ha’m milliy pedagogikami’zg`a jukletiledi.

Jaha’n pedagogika pa’ni ha’m a’meliyati’nda ta’limdi payda yetiwdi’n’ turli formalari’ bar. Ja’miyet rawaji’ni’n’ ha’r bir jan’a basqi’shi’ ta’limdi’ payda yetiwge wo’z ta’siri’n tiygizedi.

**Sabaq –**ani’q maqseti’n ko’zlep belgilengen waqi’tta birdey jastag’i’ woqi’wshi’ jaslar menen woqi’ti’wshi’ basshi’li’g’i’ndag’i’ ali’p bari’latug’i’n shi’ni’g’i’wlar.

Sabaqti’n’ maqseti, mazmuni’, ko’lemi ta’lim standartlari’ (woqi’w reje, da’stur, sabaqli’q ha’m qollanba) tiykari’nda belgilenedi.

Sabaq – ta’limnin’ tiykarg’i’ formasi’ yeken, wol ilimiy, sistemali’, tusini’kli’, sanali’ ha’m aktiv boli’wdi’, bilimlerdi’n` bekkem wo’zlestirili’wi’, woqi’wshi’ni’n` jeke wo’zgesheli’kleri’n iti’barg’a alg’an halda payda yetili’wi’ sabaq aldi’na bir qatar didaktikali’q talaplari’n qoyadi’.

Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’nda muzi’ka iskusstvosi’n balalarg’a uyreti’w menen birge ta’rbiyalawda jan’a qolay metodlardi’ izlep tabi’wi’ ha’mde bul metodlardi’ jan’alap wo’mirli’k tsikllardi’ wo’zgerti’wi’ arqali’ woqi’ti’w menen birge ta’lim ali’w protsessi jan’alanadi’. Woqi’ti’wshi’ ha’r bir muzi’kali’q shi’g’armani’ analizleydi’, uyretiwdi’n’ an’sat sheshimleri’n woylap tabadi’. Qosi’qtag’i’ obrazlardi’ sali’sti’ri’p, so’z benen namani’n’ uylesi’wi’n dodalaydi’. Sonday-aq shayi’r ha’m kompozitorlardi’n’

do`reti'wshili'gi'n siyasi'y turmi's, da`wi'r waqi'yalari'n, soni'n' menen birge teoriya tuwrali' tusinikke bir waqi'tti'n' wo'zinde iye boladi' ha'm balag'a tez jetip baradi'. Bul shi'g'arma tuwrali' woqi'wshi'ni'n' pikiri'n yesitiwi', wolardi'n' talqi'lawlari', uqsati'wlari'n ti'n'lap bahalap bari'ladi'.

Pedagogikali'q jetiskenlikti'n' si'ri' qollani'p ati'rg'an texnologiyalarda yemes, balkim pedagog ta'rbiyashi' si'pati'nda woqi'wshi'lar qa'lbine jol taba ali'wi'nda ko'ri'nedi. Sebebi, insani'yli'q wo'zgeshelikleri', ruwxi'y sezimlerge toli' muna'sebetleri' pedagogikali'q qatnasi' ha'm sheberligi'ni'n' worni'n basa almaydi'. Muzi'ka sabag'i'nda shi'g'armani' sezimler menen yesitedi', ko'z aldi'na keltiredi', ruwxi'y azi'q, ta'lim aladi'.

Muzi'ka woqi'ti'wshi'si' yamasa ha'r qanday kasip iyesi', ha'r qi'yli' pa'n woqi'ti'wshi'si' boli'wi'na qaramay wo'z sabag'i'na mehir menen qatnassa, woni'n' putkil si'ri'n usi'llari'n teren' iyeleydi, soni'n' menen birge wo'z-wo'zin an'laydi'. Woqi'ti'wshi' ha'r bir shi'g'armani' uyretiwde sabaqli'qta berilgen tapsi'rmalar ja'rdeminde woqi'wshi'lardi'n' pi'ki'ri'n wo'zi' payda yetiwge mumkinshili'k jarati'w kerek.

Sabaqta woqi'wshi' yamasa woqi'ti'wshi' ta'repinen shi'g'arma mazmuni'n qayta ayti'wi', yag'ni'y qaytalaw usi'llari' da boli'wi' mumkin. Bunday usi'l, bilimdi' bekkemlewge ja'rdem beredi.

Sabaq woti'w protsessi'nde ha'r turli' metodlar ko'beyip ketedi'. Bunda sabaqta woti'li'p ati'rg'an shi'g'arma yamasa qosi'qti'n' ko'rkenmligi, go'zalli'g'i' ko'ri'nbey qaladi'. Bul kemshilikti' aldi'n ali'p woqi'ti'wshi' metodti' tuwri' tan'lap biliwi' kerek.

Woqi'ti'wshi' mimikalar, i'rg'aqlar, diktsiyalardan tuwri' paydalana ali'wi' qosi'q i'rg'ag'i'na, so'z qatarlari'na, go'zzal qosi'q shi'g'ara ali'wda hamde ti'n'lawshi'g'a jetkere ali'wda woqi'wshi'larg'a jaqsi', tuwri' jeti'p bari'wi'na kushli ped.texnologiya, pedagogikali'q sheberlikti' talap yetedi'.

Sabaq protsessinde, ta'lim ta'rbi'yada woqi'wshi' tiykarg'i' xa'reketlendi'ri'wshi' kush, ta'lim protsessi'ni'n' sub'ekti boli'wi' kerek, yag'ni'y woqi'w, uyreni'w woqi'wshi' moyni'na jukleniwi' kerek.

Mug’allim wazi’ypasi’ bolsa woqi’ti’wdan woqi’ti’wdi’ uyreniwge, bilim beriwden woqi’wshi’lardi’n’ bilimlerin yerkin iyellewleri’ne ja’rdem beri’wi’ kerek. Wol woqi’wshi’g’a itimal tuwdi’ri’w, mumkinshilik jarati’wi’ ha’m woni’ jawapgershiligin seze ali’wg’a bag’darlawi’ kerek.

Ha’r bir sabaq aldi’na ta’lim, tarbi’yali’q ha’m rawajlandi’ri’wshi’, yag’niy bir biri menen baylani’sta bolg’an maqsetler qoyi’ladi’.

Ha’zirgi da’wir woqi’w protsessine pedagogikali’q texnologiyalardi’ yengi’zi’w menen xarakterli.

Ped. texnologiyalardan paydalani’w, ta’lim texnologiyalari’ni’n’ ilimiy tiykarlari’n islep shi’g’i’w, pedagogikali’q innovatsiyalar, avtorli’q mektepleri’ ha’m jan’a texnologiyalardi’ tajiri’ybe menen baylani’sli’ boladi’. Bul ta’jiri’ybeler belgili dizimdi islep shi’g’i’w ha’m uli’wmalasti’ri’wdi’ talap yetedi’.

Woqi’w protsesi’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti – woqi’ti’wshi’ni’n’ wo’z pedagogikali’q sheberligi’n qayta kori’p shi’g’i’wg’a ja’rdemlesiw, ja’nede joqari’ si’patli’ metodikali’q bag’i’tlarg’a umti’li’wi’n payda yeti’w, keleshektegi’ woylar, izleni’wler ta’jiriybelerge itermelew bo’li’p tabi’ladi’.

Qo’si’q ayti’w texnikasi’ si’ng’i’rlap ayti’w, bilimli ayti’w, juzeki ayti’wg’a bo’linedi. Ayti’lg’an qo’si’qqa qaray qo’si’q ayti’wdi’n’ jo’llari’, jan’a texnikasi’ payda bo’ladi’. Woqi’w protsessinde so’l da’wi’r waqi’yalari’, turmi’s protsessin ali’p kiri’p, woqi’wshi’ ko’nlikpesin asi’radi’.

Balani’n’ woqi’wg’a bolg’an qi’zi’g’i’wi’ ta’lim ha’m tarbiyani’n’ tabiyatqa uygi’nli’g’i’ni’n’ ko’rsetkishi yesaplanadi’.

Woqi’w protsessin tezleti’wshi’ printsipi didaktikali’q wazi’ypani’ tezirek ha’m jo’qari’law da’rejede a’melge asi’ri’wdi’, az waqi’t ha’m az kush isletip ko’birek na’tiyje ali’wdi’ na’zerde tutadi’.

Woqi’wshi’ni’n’ bilimdi wo’zlestiriw tezligi tezletiw printsipinin’ ko’rsetki’shi’ yesaplanadi’. Jana qosi’qti’ balalarg’a uyretkende woqi’wshi’lardi’n’ tuwri’ jaqsi’ qabi’l yetkenin balalardi’n’ tez, shaqqan

kirisip ketiwi', qosi'qti' tez wo'zlestiriip qosi'q ayti'p beriwdi so'rap baslag'anda ko'ri'nedi.

Woqi'w protsessi' bo'limleri'nen ha'r birinde qanday pedagogikali'q maqset na'zerde tuti'lg'anli'g'i'na qarap ta'lim-tarbi'ya protsessini'n' turli metodika (texnologiya) lari' payda boladi'.

Ta'lim ali'wdi'n' maqseti ani'q yemes bo'lsa, woqi'wshi' bilim ali'wg'a qi'zi'qpay qoyadi', wo'qi'ti'wshi' ha'm ata-analar balalardi'n' woqi'g'i'si' kelmeydi dep ari'z yetedi'. Buni'n' sebebi, woqi'w protsesinin' motiv payda yetiw basqi'shi' na'duri's yekenligin korsetip turi'pti'. Bunda bala woqi'ti'wshi'ni'n' talaplari'n tusinbey, isenimsi'z woqi'w wazi'ypalari'n juzeki wori'nlaydi'. Wo'qi'ti'wshi' bulardi'n' aldi'n ala qi'zi'g'i'wlari'n bilip motiv payda yeti'w ushi'n mumkinshi'li'kler jarati'wi' kerek. Uli'wma aytqanda pedagog woqi'w protsesin ali'p barg'anda ha'r bir bo'lim, usi'l, texnologiyalari'na itibar beriwi' sabaqti'n' na'tiyjeli' a'melge asi'wi'n ta'minleydi.

**Temani'n' aktualli'g'i'.**

Bul pitkeriw qa'nigelik jumi'si' « 6-7 klasslarda muzi'ka sabagin wo'qi'ti'w usi'llari' » degen temada jazi'lg'an boli'p, uli'wma bilim beri'w mekteplerinde muzi'ka sabag'i'n na'tiyjeli' woqi'wg'a qarati'li'p ha'zirgi' zaman talabi'na say, a'hmiyetli' tema boli'p yesaplanadi'.

Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'nda muzi'ka sabag'i'nda woqi'wshi'larg`a muzi'kani'n` si'rlari'n u`yretiwdin` jollari'n ashi'p beriw na'zerde tuti'lg'an

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' maqseti ha'm wazi'ypasi'.**

Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'n jazg'andag'i' tiykarg'i' maqset mektepte muzi'ka sabag'i'n wo`tiwde sabaqti' zaman talabi'na say sho'lkemlesti'ri'p woqi'wshi'lardi' qi'zi'qti'ri'w , al wazi'ypa bolsa usi' sabaqlar, sabaqtag'i' uyretiletug'i'n shi'g'armalar, kompozitor do'retpelerin netiyjeli uyretiw arqali' woqi'wshi'lardi', gozzalli'qqa, a`dep-ikramli'li'qqa ta'rbiyalaw boli'p tabi'ladi'.

**Jaqlaw ob’ekti ha’m predmeti.**

Bul temada muzi’ka sabag’i’nda atqari’latug’i’n xi’zmet turleri’, islenetug`i’n jumi’slari’, uyretiletug’i’n qosi’qlardi’n`, ti’n’lawg’a berilgen shi’g’armalardi’n` do`retiwshileri’ menen woqi’wshi’lardi’ tani’sti’ri’p muzi’kani’ qalay u`yretiw kerekli’gin talqi’law na’zerde tuti’lg’an.

**Jumi’sti’n’ ilimiy jaqtan jan’ali’q kirgiziw da’rejesi**.

Pitkeriw jumi’si’nda temani’n’ mazmuni’n ha’r ta’repleme ashi’p beriw, woni’ woqi’wshi’larg’a jetkeriw, soni’n’ menen birge ken’ turde mag’li’wmatlar beriw imkaniyati’ woni’n’ ilimiy jan’ali’g’i’nan boli’p yesaplanadi’.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n’ duzilisi.**

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ Kirisiw, Tiykarg’i’ bo’lim 1 / 2 baptan .Juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debi’yatlardan ibarat.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri**.

Pitkeriw jumi’si’ni’n’ ilimiy ta’rbi’yali’q a’meliy juwmaqlari’ uli’wma bilim beriw mekteplerinin` 6-7 klass woqi’wshi’lari’na muzi’ka sabag’in na’tiyjeli wo’tkeriw boli’p tabi’ladi’.

## I.Bap . Mekteplerde muzi’ka pa`nin woqi’ti’wda qoyi’latug`i’n zamanago`y talaplar

Muzi’ka ma’deniy turmi’si’mi’zda ken’ wori’n tutqan, insan shaxi’si’n qa`liplestiriwde tiykarg’i’ a’hmiyetti payda yetetug’i’n ko’rkem wo’nerdi’n’ turi. Muzi’ka ta’rbi’yasi’ bolsa na’zik ta’rbiyani’n’ tiykarg’i’ ha’m quramali’ tarawlari’nan biri, wol a’tiraptag’i’ go’zzal na’rselerdi tuwri’ qabi’l yetiwge ha’m qa’dirlewge uyretedi’. Woqi’wshi’larg’a jaqsi’ ta’rbi’ya beri’wde wo’rta ta’lim mekteplerdegi, muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’ni’n` worni’ ulken. Woqi’wshi’lar muzi’ka si’rlari’n tusini’wdi ha`m qa’dirlewdi’ iskusstuvog’a iye boli’wdi’, aldi’n mekteplerde uyrenedi. Estetikani’ qa`liplesti’ri’w ushi’n bolsa, muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’ menen bir qatarda klasstan ti’sqari’ muzi’ka ta’rbiyasi’ni’n’ a’hmiyeti ulken. Sebebi klasstan ti’s muzi’ka ta’rbiyasi’ni’n’ ja’miyetlik ha’m do’gerek formalari’nda balalar jeke ta’rizde qami’rap ali’nadi’. Sonday-aq, muzi’ka ta’rbiyasi’ sazende ya’ki aktrisani’ yemes, yen’ aldi menen insandi ta’rbiyalaydi’. Wo’si’p kiyati’rg’an jas a’wladti’ muzi’kani’n` gozzalli’q a’lemine ali’p kiredi. Sebebi, muzi’ka insan turmi’si’na kushli ta’sir ko’rsetiw imkanyati’na iye ha’m a’dep – ikramli’q, estetika ta’rbiyasi’ni’n’ a’hmiyetli bo’legi boli’p yesaplanadi’. Insan muzi’ka menen ana ha’yiwi arqali tani’si’p, wo’mir boyi’ muzi’kadan zawi’q aladi’. Muzi’kadan azi’q ali’w ushi’n bolsa, insan joqari’ ma’deniyatli’, taza qa’lip iyesi, gozzalli’qti sezi’ne alati’n boli’wi’ kerek. Ali’mlardi’n` ayti’wi’nsha
“ Adam shaqi’s boli’wi’ ushi’n, wol ruwqi’y ta’repten rawajlani’wi’, wo’zin bir putin insan dep seziniwi kerek” - degen yedi.

Ha`r bir ka`siptin` wo`zine ta`n wo`zgesheli’gi’ bar. Sonday-aq muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n` da wo`zinin` si’ri’ bar. Muzi’ka mugalli’mi’ wo`zin balalarg`a bag`i’shlap, wolar menen birgelikte muzi’kani’n` teren` si’rlari’n u`yreniwge balalardi’n` ha`r ta`repleme rawajlani’wi’na u`lken ta`sirin tiygizedi’.

Ma’mleketlik Ta’lim Standartlari’ mazmuni’nda woqi’wshi’larda muzi’kali’q qa’bileti’n rawajlandi’ri’w, muzi’ka ko’rkem wo’nerine mehir

ha’m qa’lewdi’ asi’ri’w, muzi’ka ko’rkem wo’nerine qi’zi’g’iwshi’ woqi’wshi’larg’a shart – sharayit jaratip beriw, wolardi’ a’debiy muta’jlikleri’n qandi’ri’w, muzi’ka talimi – ta’rbi’yasi’ni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’n payda yetedi’.

Woqi’wshi’lardi’ muzi’ka ko’rkem wo’nerinin’ putki’l estetikasi’ menen uyreni’leri’, a’debiy qabi’l yeti’wi’ , jeke ha’m topar boli’p qosi’q ayti’w, woyi’ng’a tusiw ha’m do’retiwshili’k ko’nli’kpelerdi qa’li’plestiriw Ma’mleketlik Ta’lim Standartlari’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti’ boli’p yesaplanadi’. Sonday- aq, uli’wma ta’lim shen’berinde woqi’wshi’lar wo’zlestiri’wi’ lazi’m bolg’an minimum bilim ha’m ta’jiri’ybeler bayan yetiledi’.

Ma’mleketlik Ta’lim Standartlari’ muzi’ka da’sturi’n uyreni’w metodikasi’, sabaqlardi’n’ kelesi rejesi, ji’l, sherek, temalar, wo’zbek xali’q muzi’kasi’ ulgi’leri’, ha’m de kompozitorlardi’n’ jan’a zamanago’y shi’garmalari’ kiritilgen. Kadrlar tayarlaw bag’darlamasi’nda ko’terilgen barli’q ma’seleler, Respublikami’zdi’n’ aqi’li’y rawajlani’wi’n asi’ri’wg’a qarati’lg’an yeken, bul yen’ aldi’ menen woqi’ti’wshi’ ka’sibi’ne bolg’an qati’nasi’qti’ asi’ri’w lazi’mli’g’i’n bildi’redi.

Muzi’ka wo’qi’ti’w metodi’kasi’, pedagogika pa’ni si’pati’nda ta’jiriybede si’nalg’an jumi’slardi’ teoriyali’q bolimlerin uli’wmalasti’ri’p, a’meliyatta wo’nimli’ na’tiyjeler bergen woqi’ti’w metodlari’n usi’ni’s yetedi’. Metodika tiykari’nan, pedagogika, psixologiya, estetika ha’m Muzi’kali’q izertlew na’tiyjeleri’ne tiykarlanadi’.

Wol, muzi’ka woqi’ti’wdi’n’ ni’zam ha’m qag’i’ydalari’n ta’riplep beredi, keleshek jas awladlari’n tarbiyalawda qollani’latug’i’n zamanago’y metodlardi’ belgiliydi’. Metodika ta’lim- ta’rbiya protsessinde woqi’ti’wshi’ni’n’ woqi’wshi’lar menen islew usi’llari’ni’n’, mazmuni’n an’latadi’. Muzi’ka woqi’ti’w metodikasi’ woqi’ti’wshi’larda talant, qa’bilet ham qi’zi’g’i’wshi’li’q bar boli’wi’n talap qi’ladi’, sebebi, iskusstvo pedagogikasi’ mashaqatli’ ha’m juwapkershilikli’ taraw boli’p yesaplanadi’.

Ha’zirgi kunde muzi’ka woqi’ti’w metodikasi’ birden payda bolg’an pa’n yemes, ba’lkim bug’an shekem usi’ pa’nnin’ qa`liplesiwi do’retiwshi ha’m quramali’ joli’n basi’p wo’tken. Respublikami’zda muzi’ka woqi’ti’w metodi’kasi’n qa`liplestiri’wi’nde milliy faktorlar, metodi’stler, ta’jiri’ybeli woqi’ti’wshi’lardi’n’ bir qatar izleniwleri, woqi’w qollanbalari’ni’n’ a’hmiyeti ulken boladi’. Ko’rkem pedagogikani’n metodi’ka tarawi’ndag’i’ son’g’i’ jetiskenlikleri’ talabalardi’ pedagogika xizmetine tayarlaw, wolardi’ metodi’kali’q bilim ha’m ta’jiri’ybeler menen qurallandi’ri’w, muzi’ka woqi’ti’w metodi’kasi’ni’n’ bul maqsetke yerisiwi’ ushi’n ameliy shi’ni’g’i’wlar waqti’nda uzaq sotsial miynet qi’li’w talap yetiledi. Belgili bolg’ani’nday, mektepte woqi’wshi’lardi’n’ jas fiziologiyali’q wo’zgeshelikleri, ko’nlikpe ha’m da’rejelerine qarap, muzi’ka woqi’ti’w metodikasi’ qollani’ladi’. Bul jerde ta’lim usi’li’, woqi’w materiyali’ni’n’ (woqi’w , reje. Da’stur) ta’lim printsipleri, woqi’w ta’rbiyali’q jumi’slari’ni’n’ uli’wma maqset ha’m wazi’ypalari’ tiykarg’i’ a’hmiyetke iye. Demek, Muzi’ka woqi’ti’w metodi’kasi’, woqi’wshi’lardi’n Muzi’ka tarawi’na uyretiwdin’ mazmuni’, wazi’ypalari’ ha’m metodlari’n uyretiwshi ha’m woqi’w protsesslerin sho’lkemlestiriwshi forma ha’m jollari’n yen jaydi’ri’wshi’ pa’n boli’p yesaplanadi’. “Metodika” so’zi grekshe so’z boli’p, “ izertlew joli’’, “biliw usi’li’” degen ma’nisti an’latadi’ ha’m ta’lim – tarbiyani’n’ ayri’qsha bo’limleri boli’p yesaplanadi’, wolardi’n’ ji’yi’ndi’si’ muzi’kali’q woqi’ti’w metodlari’ delinedi. Muzi’kani’n’ woqi’tw metodlari’ degende, mektep woqi’wshi’lari’ni’n bilim, ta’jiriybe ha’m ko’nlikpelerdi iyelewdi, wolardi’n’ do’retiwshili’k qa’biletin rawajlandi’ri’wda ha’m dunya qarasi’ni’n’ yen jaydi’ri’wda woqi’ti’wshi’lardi’n’ qollag’an jumi’s usi’llari’ tusiniledi.

Muzi’ka woqi’ti’w metodi’kasi’ni’n’ talaplari’n a’melge asi’ri’wda, muzi’ka woqi’ti’wdi’n’ bir qatar metodlari’ menen birgelikte pedagogikani’n ameliy jo’nelislerin jeke( optimal) metodlardi’ iyelep, muzi’ka sabag’i’nda qollaw ushi’n tiykarg’i’ a’himiyetti payda yetedi’.

Muzi’ka wo’qi’ti’w metodi’kasi’ talaplari’n a’melge asi’ri’wda muzi’ka sabag’i’n (optimal) jeke metodlardan wo’ni’mli’ paydalani’wg’a baylani’sli’. Belgili ali’mlardi’n izertlewlerinde mektep woqi’wshi’si’ni’n shaxsi’y ha’m wog’an bolg’an professanal talaplar ha’m woqi’wshi’lar muna’sebeti’n, jeke metodlardan, paydalani’w protsessinde sheshiw lazi’mli’g’i’n ilimiy tiykarda ta’riplep bergen. Jeke - metod qandayda bir pa’nnin’ a’meliy ha’m do’retiwshi jumi’slardi’n’ mazmuni’ ha’m temani’n’ mazmuni’n ken’ tusindirip beredi ha’m bekkemlewde woqi’ti’wshi’ ha’m woqi’wshi’ xi’zmetinde wo’z – ara baylani’sli’g’i’n ha’m woqi’wshi’lardi’ biliw protsessinde izleni’wge undewshi metodlari’ bar. Wolardi to`menlegishe atap wo`temi’z.

Jeke (optimal) metodlar woqi’ti’w xizmeti’ne qarap to’rtke bo’li’nedi:

1. Sabaqti’ uli’wmalasti’ri’wshi’ metodi’.
2. Wo’tilejaq sabaqlarda aldi’nan “jugirip”, baylani’sti’ri’p wo’tiw ha’m aldi’ng’i’ wo’tilgenlerge qayti’w metodi’.
3. Sabaq mazmun emotsiyanal dramaturgiyasi’ metodi’.
4. Sabaqti’n’ pedagogikali’q ta’repten baqlawi’ ha’m bilimlerdin’ baqalani’w metodi’.

Juwmaqlap aytqanda muzi’ka woqi’ti’w metodikasi’ talaplari’ tiykari’nda muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ belgilengen talaplardi’ a`melge asi’ri’p sabaq protsessi’nde qollansa maqsetke muwapi’q boladi’.

## 1.1. Alti’nshi’ jetinshi klaslarda muzi’kani’ woqi’ti’wdi’n’ mazmuni’ ha’m wazi’ypalari’

Alti’nshi’ klassta muzi’ka woqi’ti’wdin’ maqseti’ ha’m wazi’ypalari’ bular tiykari’nan , besinshi klassta alg’an bilim ha’m ko`nlikpeleri’ da’rejesine tiykarlani’p belgi’lenedi. Alti’nshi’ klassta a’melge asiri’li’wi’ tiyi’s bolg’an maqsetler, bular muzi’ka ta’rbi’yasi’ni’n’ tiykarg`i’ wo’lshemi- woqi’wshi’lardi’n’ ruwxi’y bilimlerdi’n’ qurami’ bolga’n muzi’kali’q ma’deniyatti’ qaliplesti’ri’wge qaratiladi’. Bul maqsetlerdi’n’ a’melge asiri’li’wi’ ushi’n to`mendegi’ talaplar belgelenedi’:

1. Sabaqti’n’ barliq xizmet turleri turaqli turde woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kali’q qabi’l yetiwin rawajlandi’ri’p baradi’.
2. Vokal- xor ko`nlikpeleri’n rawajlandi’ri’p, ja`ma`a`t boli’p qosi’q ayti’w, woqi’wshi’lardi’ yeki dawi’sli’ qosi’q ayti’wg’a uyretiw.
3. Muzi’kani’ qabi’l yetiwi’n rawajlandi’ri’w ha’m shi’g’armalardi’n’ duzilisi, formasi’ , ladi’, tempi, avtorlari’ haqqi’nda piker juritiwge uyreti’w.
4. Muzi’ka sawati’nan, apiwayi muzi’ka terminlerin ha’m atamalari’ni’n` ta’riyplerin muzi’ka a’meliyati’nda biliw ha’mde muzi’ka shi’g’armasi’nda ayti’p bari’w si’yyaqli’ talaplar qoyi’ladi’.

Alti’nshi’ klassta woqi’wshi’lardi’n’ dawi’s diapazoni’ ( Do1- Fa2) oktava boladi’. Bul jasta woqi’wshi’larda wo’spi’ri’mlik da’wiri’ baslanadi’. Buni’n’ na’tiyjesi’nde organizimde aktiv wo’zgerisler juz beredi. Fiziolgiyaliq, psixologiyali’q ta’repten woqi’wshi’lardi’n dawi’si’ni’n’ wo’zgeri’wi’, pa’nlerge qi’zi’g’I’wi’, yerki’n piker jurite ali’w qa’biletleri’ rawajlana baslaydi’. Na’ti’yjede bas miy jeterli da’rejede azi’q almay sharshaw jag’daylari’ juz beredi. Jan’a sabaq dawami’nda woqi’wshi’lardi’n’ di’qqat- itibari’ tarqaladi’. Wo’lardi’ sabaqqa tarti’w’ qi’yi’nlasadi’. Bul da’wirde wolarg’a ayri’qsha , mexribanli’q munasibette boli’w, doslasi’p sa’wbetler wo’tkizi’w talap yetiledi’. Sonin’ ushi’n wo’qi’ti’wshi’ ha’r bir woqi’wshi’ni’ baqlap, woni’ uyreniwi tiyis. Sebebi, woqi’wshi’lar

ulkenlerdin’ di’qqati’na ayri’qsha iti’bar beredi’, wolar ko’birek ulkenler menen muna’sabete boli’wdi’ qa’leydi. Balalardi’n’ ta’rtip inti’zami’nda ayri’m wo’zgeri’sler payda boladi, wolardi’n usi’ni’s ha’m qa’bileti arasi’nda tosi’qlar payda boladi. Bulardin ha’mmesi wo’qi’ti’wshi’dan joqari ta’jiri’ybe ha’m ta’rbi’yalawdi’ talap yetedi. Bunday jag’dayda woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’ to’mengi klaslarda alg’an bilim ha’m ko`nlikpelerine ha’m turmi’sli’q da’lillerge suyenip is tuti’wi’ jaqsi’ na’tiyje beredi. Buni’n’ ushi’n sabaq mazmuni’n turmi’s penen baylani’sti’ri’p ali’p bari’w za’rur. Qosi’q uyretiw ha’m muzi’ka ti’n’law protsessinde shi’g’armalardan uzindiler ayti’p dawi’slari’n sazlawi’ balalarda qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. Bunda do’retiw usi’llari’n ken’nen tusindiriw lazi’m. Shi’g’armalardi’ sanali’ uyretiwde balalardi’ aktiv qati’nasti’ri’w maqsetke muwapi’q boladi’. Ha’r bir xali’qti’n’ wo’z milliy muzi’ka ko`rkem-wo`neri bar. Muzi’ka ha’r bir tariyxi’y da’wirdi’n’ a’debiy ko’rini’si’ yekenligi’ haqqi’nda balalarda ani’q tusinikler payda yetiwi lazi’m. Sol tiykarda wo’zbek, qaraqalpaq muzi’kasi’ni’n’ qi’sqa tari’yxi’ saz asbaplari’nda ha’m wo’zbek xali’q muzi’ka janrlari’, maqamlari’, qaraqalpaq xali’q dastanlari’, wolardi’ atqari’wshi’ baqsi’, ji’rawlari’ xaqqi’nda mag`li’wmatlar berip , klassik qosi’qlar menen zamanago’y qosi’qlardi’ sali’sti’ri’p ko’rsetiw mumkin.

Mi’sali’: “Shashmaqam”, ta’jik ha’m wo’zbek xali’qlari’ni’n’ a’zelden dosli’q belgisi’n ta`riplewshi’ yekenli’gi’, wolardi’n’ ko’p saz asbaplari’ bir qi’yli’ yekenligi ha’m basqa xali’qlardi’n’ paydalani’w mumkinligi haqqi’nda, xali’q muzi’kasi’ tiykari’nda jarati’lg’an kompozitorli’q shi’g’armalar ha’m zamanago’y muzi’ka menen tani’sti’ri’p Sali’sti’ri’w lazi’m.

Alti’nshi’ klass woqi’wshi’lari’ni’ni’n’ dawi’s diapazoni’ 1- dawi’slar ushi’n Do1oktava- Fa 2 oktava, al II- dawi’slar ushi’n Si kishi oktava - Re2 oktava boli’p keledi. Bul da’wi’rde woqi’wshi’larg’a yeki dawi’sli’ shi’g`i’rmalardi’ uyretiw maqsetke muwapi’q boladi’. Sebebi bul waqi’tta,

mutatsiya da’wiri baslanadi’. Mutatsiya da’wirinde aldi’n yer ha’m qi’z balalar dawi’si’ wortasi’nda pari’q wonsha sezilmiydi. Al mutatsiya waqti’nda qosi’q uyretiw woqi’ti’wshi’dan ulken juwapkeshilikti talap yetedi. Qosi’qlar balalardi’n’ dawi’s imkaniyatilari’na mas tusiwi ha’m sabaq dawami’nda wolardi’n dawi’slari’n saqlawg’a ja’rdem beriw lazi’m. Sabaqti’n tiykargi’ bo’limi’n qosi’q ayti’wg’a sari’plap, dawi’slari’n tali’qti’rmaw kerek. Woqi’wshi’lardi yeki dawi’sqa aji’rati’p qosi’qlardi’ yeki dawi’sli’ qi’li’p, wolardi’n’ dawi’slari’na maslaw dawi’s ta’rbiyasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’nimi’. Xor boli’p ayti’w, muzi’ka sawati’, muzi’ka ti’n’law xi’zmetleri, shi’g’armalardi’ analiz qi’li’wda temalar tiykari’nda teren’ baylani’sadi’. Jan’a da’stur tiykari’nda ji’l temasi’ wo’tken temalar ha’m sabaq temasi’ bir- biri menen baylani’sadi’.

## 1.2 6-klass woqi’wshi’lari’na minezleme

6- klassta woqi’wshi’larda mutatsiya da`wiri baslanadi’. Bul da`wir jas wo`spirimlerge qi’yi’n boli’p keledi ha`m organizmde uli’wmali’q wo`zgerisler payda boladi’. Wo’lar wo`zleri’n u`lken adamday sezip wo`zlerin ko`rsetkisi keledi. Woqi’wshi’lardi’n` psixo-fizeologiyali’q jaqtan rawajlani’w wo`zgeshelikleri muzi’ka sabag`i’nda bilinedi. A`sirese vokal-xor tarawi’nda ani’q bilinedi. Sebebi bul da`wi’rde mutatsiya boli’p wo`tedi. Mutatsiyani’n` mazmuni’ ha`m dawi’sta qanday wo`zgerisler payda boladi’? -degen soraw payda boladi’. Mutatsiya bul balalar dawi’si’ni’n` u`lken adamlar dawi’si’na wo`tiw da`wiri boli’p yesaplanadi’.

Yen` birinshi gegirdek wo`sip dawi’s, tu`teksheleri, til, juqa tkanlar wo`zgeredi. Gegirdek bul dawi’s shi’g`ari’wshi’ organ boli’p yesaplanadi’. Mutatsiya da`wiri’ne shekem ul balalar ha`m qi’z balalardi’n` dawi’slari’ ju`da` uqsas boli’p kelse, al biraq mutatsiya da`wiri’nde balalardi’n` gegirdegi bir yari’m, yeki yese wo`sedi. Bunday waqi’tta balalardi’n` qosi’q ayti’wg`a zawqi’ bolmaydi’, al qi’zlardi’n` gegirdegi yer balalardikine qarag`anda u`shten bir uzi’ni’na wo`sip ha`m dawi’s qatlamlari’ bir-yari’m yeki yesege wo`sip, bunda dawi’s irilenip, dawi’sti’n` to`menlewine ali’p keledi. Balalar bunday wo`zgeriske birden u`yrenisip kete almaydi’, a`sirese wolar joqarg`i’ notalardi’ qi’yi’nlaw aladi’.

Mutatsiya da`wirinde gegirdek wo`siwi menen qoymay dawi’s qatlamlari’ni’n` qi’zari’p, awi’ri’w tuwdi’radi’, tamaqti’n` yeki sheti iskennin ko`riwge boladi’. Na`tiyjede diapazon qi’sqaradi’, joqari’ notag`a dawi’slari’ jetpeydi.

Al qi’zlarda bolsa mutatsiya da`wiri ayi’ri’m waqi’tlari’ a`ste, yelespesiz wo`tedi sol ushi’n da dawi’s rejimleri saqlani’p qali’ni’wi’ tiyis.

Mutatsiya payi’ti’nda geyde ju`da` to`men na`tiyjelerdi ko`riwimi’zge boladi’. Bul qosi’q aytqanda dawi’sqa ku`sh sali’ni’wi’, mi’sali’ quramali’

qosi’q aytqanda ayi’ri’m waqi’tlari’ dawi’s apparati’ni’n` u`zilip ketiwi mumkin. Sol ushi’n da mutatsiya da`wirinde wo`zgerip ati’rg`an dawi’slarg`a qatti’ kewil bo`liniwi tiyis.

Wo’qi’ti’wshi’ soni’ yadta saqlawi’ tiyis, mutatsiya ha`r balada ha`r tu`rli wo`tiwi mumkin, birewlerde ti’ni’sh, al birewlerde ala burqanli’ wo`tiwi mu`mkin. Bul yeki jag`dayda da dawi’s rejimlerin saqlag`an duri’s boladi’.

Woqi’ti’wshi’ balalardi’n` mutatsiya da`wirin yesapqa ala woti’ri’p wolar menen jeke (individual) tu`rde jumi’slar ali’p bari’wi’ tiyis, yag`ni’y jen`il, atqari’wg`a qolayli’ diapazondag`i’ qosi’qlardi’ u`yrengenleri duri’s boladi’. al keyingi izertlewlerdin` juwmag`i’na qarag`anda mutatsiya da`wirinde woqi’wshi’larg`a u`plep shertetin a`sbaplarda woynaw usi’ni’s yetiledi’, sebebi qosi’q ayti’w texnikasi’ndag`i’ dem ali’w menen muzi’ka a`sbabi’nda u`plep shertiwde ali’natug`i’n dem ali’wlar uqsas boladi’. Bunday usi’ldi’ balalar qosi’q ayta almayti’n jag`dayda qollani’wg`a boladi’.

Dawi’s apparati’n qayta quri’wlar boli’p wo`tiwine baylani’sli’ xor-vokal jumi’slari’nda da wo`zgerisler boladi’.

Bul da`wirde muzi’kani’n` adam wo`miri’ndegi roli ha`m woni’n` basqa pa`nler menen baylani’si’ haqqi’nda so`z yetiwge boladi’. 6-klassta a`yyemgi du`n`ya tariyxi’ wo`tiledi’. Sabaqli’qti’n` mazmuni’ wo`z ishine bir neshe da`wirdi aladi’. A`yyemgi a`sirde jasag`an xali’qlardan xristian dininin` payda boli’wi’na shekemgi arali’q , Rim imperiyasi’ni’n` qulawi’, sabaqli’qta arnawli’ muzi’ka haqqi’nda ayti’lmag`anli’g`i’ menen muzi’ka ma`deniyati’ pa`ni woqi’ti’wshi’si’ mi’sal retinde a`yyemgi greklerdin` an`i’zlari’nda, muzi’kani’n` wo`mir menen baylani’sqani’n ko`riwge boladi’. Muzi’ka adam wo`mirini’n` ha`r tu`rli payi’tlari’nda , quwani’sh, qayg`i’, miynette, uri’s waqti’nda , bayramlarda da adamni’n` jan azi’g`i’ bolg`an. Usi’ kitapti’n` birinshi bo`liminde a`yyemgi iskusstvoni’n` rawajlani’wi’ haqqi’nda qi’sqasha ayti’li’p wo`tilgen. Bunda un`gir taslardan tabi’lg`an su`wretlerge

qarap iskusstvoni’n` budan 30 mi’n` ji’llar buri’n payda bolg`ani’n biliwge boladi’.

Sonday-aq usi’ kitapta grek yelinin` ma`deniyati’ tarawi’nda ayti’lgani’nday grek mektepleri’nde jas wo`spirimlerdi su`wret sali’wg`a, ayaq-woyi’n woynawg`a, qosi’q ayti’wg`a, liro a`sbapi’n shertiwge u`yretken. Bul ma`mlekette kimde-kim qosi’q ayti’p, ayaq woyi’n woynap bilmese wolardi’ sawatli’ adamlar qatari’na qospag`an. solay yetip tariyx pa`ni woqi’wshi’larg`a ko`rgizbeli qural retinde muzi’kani’n` adam wo`mirinin` barli’q rawajlani’w yetaplari’nda da jetekshi rol` atqaratug`i’ni’n ko`riwge boladi’.

Al a`debiyatta bolsa tariyx pa`nine qarag`anda muzi’ka menen baylani’sli’ temalari’ ko`p. Mi’sali’ xali’q tvorchestvosi’’ haqqi’nda aytatug`i’n bolsaq, woqi’wli’qti’n` yen` birinshi bo`limi’nde a`sirler dawami’nda awi’zdan-awi’zg`a tarag`an qaharmanli’q da`stanlar, jumbaqlar h.t.b. so`z yetiledi.

6-klass woqi’wshi’lari’na muzi’ka ti’n`latqani’mi’zda wo`zbek ha`m klassik muzi’ka shi’g`armalari’ menen tani’sti’rami’z. Sonday-aq shet yel muzi’kasi’nan da ayti’p wo`tiwimizge boladi’. Bul jasta mutatsiya da`wirinin` boli’p wo`tiwine baylani’sli’ ko`binese muzi’ka ti’n`lati’p ha`m sol shi’g`armalardag`i’ a`sbaplari’ menen de tani’sti’ri’p wo`temiz ha`m namalardi’ shertip ko`rsetemiz.

Solay yetip 6-klassta muzi’ka ma`deniyati’ sabag`i’n wo`tiwde woqi’ti’wshi’ jan-jaqli’ xabarlar menen ta`miynleniwi tiyis.

## 1.3 Jetinshi klassta muzi’kani’ wo’qi’ti’wdi’n` mazmuni’ ha`m wazi’ypalari’.

Jetinshi klassta muzi’ka pa`nin wo’qi’ti’w protsessi juwmaqlanadi’. Wonda to’mengi klaslarda ali’ng’an bilim ha’m ko’nikpeleri quramalasi’p uli’wmalsti’ri’ladi’. A’sirese muzi’kani’ ti’n’lap. ko’rkemlik ta’repten yerkin analiz qi’li’w, qosi’q uyretiw, muzi’ka sawati’ si’yaqli’ sabaq xizmetlerin yen jaydi’ri’w ushi’n jumi’s aqi’ri’na jetkiziledi.

7- klass woqi’wshi’lari’ni’n’ psixolgiyali’q- fiziolgiyali’q xarakterine qarag’anda di’qqat- itibari’ turaqli’, dunya qarasi’ rawajlang’an boladi’. Wolar yerkin pikir juritiw, gurrin’ jurgiziw, muzi’kag’a baylani’sli’ albom, referatlar, klass muyeshlari ha’m ko’rgizbeli qurallar tayarlaw qa’biletine iye boladi’. Wo’qi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’n’ bul do’retiwshilik wo’zgeshelikleri’nen paydalani’p, muzi’ka ko’rken wo’nerine , muzi’ka sawati’na baylani’sli’ ko’rgizbeli qurallar tayarlawi’ mumkin. Sonday- aq, belgili kompozitorlarg’a tiyisli albomlar tayarlaw ha’m tapsi’ri’wi’ mumkin. Vokal- xor tarawi’nda: qosi’qti’ tayarlaw protsessinde wolardin’ dawi’slari’n saqlap ta’rbiyalaw jumi’si’ quramalasadi’, Dawi’sti’n` formasi’ tegis yemes boladi, sebebi bul jasta mutatsia waqti’ qosi’ladi’. A’sirese yer balalarda dawi’s baylamlari’ juwanlasi’p, dawi’s registri bir oktavag’a pa’seyedi. Na’tiyjede woqi’w ha’m dawi’s wortasi’nda koordinatsiya buzi’li’p, bunda balalar tiykarg’i’ intonatsiyada ani’q qosi’q aytalmaydi. Bunday waqi’tta mug’allim qosi’q ayti’w ushi’n qolay jollari’n izlewi lazi’m. Dawi’sti’ tali’qti’rmastan yerkin, tegis qosi’q ayti’wg’a uyretiw kerek. Mutatsiya waqti’nda balalar dawi’sinda kun sayi’n wo’zgeris juz beredi. Buni’ yesapqa ali’p, qosi’qti’ dawi’s partiyasi’n yeki dawi’sqa bo’liw lazi’m. Yaki dawi’slardi’ transportirovka qi’li’p to’mengi dawi’slarg’a tusiriw lazi’m.

Jetinshi klass woqi’wshi’lari’ni’n’ dawi’s diapazoni’ birinshi dawi’slarda Do 1 oktavadan- Mi 2 oktava arali’gi’ , 2- dawi’slarda bolsa Si kishi oktava - Re2 oktavag`a shekem boladi. Ta’jiri’ybeli wo’qi’ti’wshi’lar mutstsiya

da’wirinde dawi’slardi’ tuwri’ bo’listiriw, dawi’slardi’n’ tegis shi’g’i’wi’ ha’m qi’yi’nshi’li’qlarg’a dus kelmewge ali’p keledi. Tani’lg’an qosi’qlar qaharamani’, lirik, estrada, wo’zbek xali’q qosi’qlari’nan ali’p, woqi’wshi’larda uyreniwge qi’zi’g’i’wshi’li’q woyati’w lazi’m. Bazi’ bir qosi’qlardi’ solist ja’rdeminde de uyretiw mumkin. Qosi’q aytqanda dinamikali’q belgileri, tempi, ko’rkem do’retiwshilikke yerisiw za’rur. Jetinshi klasta muzi’ka sawati’ aldi’ng’i bilimlerge tayani’p, notag’a qarap qosi’q ayti’w, intervallar, wo’lshewler, dinamikali’q belgiler, parallel major ha’m minor ladlari’ siyaqli’ temalarda ayri’qsha toqtap wo’tip, muzi’kali’ mi’sallar keltiriwmiz mumkin. Muzi’kali mi’sallarda aytatug’in qosi’qlardan ti’n’lang’an muzi’kali’q shi’g’armalar tiykari’nda ha’m wo’zbek xali’q qosi’qlari’ mi’sali’nda keltiriwmiz maqsetke muwapi’q. Bunan ti’sqari’ wolar muzi’kaliq shi’g’armani’n’ formasi’n da biliwleri kerek. Muzi’ka tin’law bir qansha quramalasadi’. Sebebi sabaqti’n’ tiykarg’i’ bo’limi ti’n’law protsessinde wo’tedi. Xali’q qosi’qlari’, maqamlar. Mumtoz xali’q muzi’kasi’ haqqi’nda pikir jurite ali’wlari’ kerek. Muzi’kani’ a’debiy ta’repten yerkin tin’lap, woni’ joqari’ da’rejede qabil yetiwi , muzi’kani’n’ duzilisi, jan’a qosi’qlar, muzi’ka a’debiyati’, muzi’ka sawati’ menen tani’sti’ri’w jumi’slari’ aqi’ri’na jetedi. Lekin vokal- xor jumi’slari’nda, qosi’q uyretiw, dawi’sti’ sazlaw protsessinde wolardi’n’ dawi’slari’n abaylaw kerek, metodikali’q jaqtan tuwri’ maslaxat beriwi kerek. Ayri’m payitlarda, balalar menen sa’wbetlesiw, ata- analari’n mira’t yetip, doktorg’a perzentinin’ salamatlig’i haqqi’nda murajat qi’li’wdi’ usi’ni’s qi’li’w lazi’m. Sebebi 7- klassta balalarda mutatsiya da’wiri baslanadi’. Mutatsiya da’wiri yer ha’m qiz balalarda dawi’s apparati’ni’n’ duzilisi uqsas boli’p, wolar bir- birinen wonsha pari’q qi’lmaydi’. Mutatsiya da’wirinde bolsa wolardi’n’ dawi’slari’ wo’zgerip, yer balalarda dawi’s registri ta’repten bir oktaba pa’seyip juwanlasadi’. Qi’z balalarda bolsa registr wo’z worni’nda qali’p, dawi’s kushi tembrinin’ jag’i’mli’si’ saqlani’p qaladi’. Sol zattan, yer balalarda mutatsiya aktiv

ha'm sezilerli da'rejede qi'z balalarda bolsa a'ste aqi'ri'n ha'm tegis wo'tedi. Na'tiyjede yer balalar, qosi'q aytqanda sazg'a tusealmay qi'ynaladi'. Ayri'mlari' bolsa kushenip aytadi'.

Bul da'wirde dawi's shireli ra'wishte yerkek adamni'n' dawi'si'na qi'z balalardi'n' dawi'si' hayal- qi'zlar dawi'si'na a'ste- aqi'ri'n wo'te baslaydi'. Yer balalar tamag'i'nda dawi's baylamlari' juwanlasadi', qi'zlarda isikler payda boli'wi' mumkin. Na'tiyjede diapazon qi'sqari'p, joqari' perdelerde qosi'q ayti'w awi'rlasadi'. Tez sharshaw jag'dayi' payda boladi'. Mutatsiya da'wirinde yer ha'm qi'z balalarg'a qosi'q uyretiwde ulken juwapkershiilik talap yetedi. Qosi'qlardi' balalar dawi's imkaniyatlari'na maslasti'ri'p sabaq dawami'nda, wolardi'n' dawi'slari'n asi'rap- abaylap uyretiw lazi'm. Dawi's partiyalari'n ani'q aji'rati'p, yeki dawi'sta qosi'q ayti'w, dawi's ta'rbiyasi'ni'n' a'hmiyetli zatlari' boladi'. Balalardi'n' ta'rtip- intizami'nda wo'zgerisler payda boladi'. Emotsiyanal rawajlani'wlar, organizmde garmonik wo'zgerisler, sabaqqa qarag'anda qi'zi'g'i'wdi'n' pa'seyiwine sebep boladi'. Bul da'wirde woqi'ti'wshi' sheberlik penen muzi'kali'q shi'g'armalar mazmuni'n turmi'si'mi'z benen baylani'sti'ri'p wo'tiwi, woni'n' ta'rbiyasi'nda a'dep- ikramli'q, gozzali'q ta'rbiyasi'n beriw sabaq mazmuni'n basqa pa'nler menen baylani'sti'ri'p ali'p bari'w lazi'm.

Vokal- xor jumi'slari' ha'm muzi'ka ti'n'law jumi'slari'n a'melge asi'ri'wda to'men klaslarda ali'ng'an bilim ha'm ko'nlikpeleri ha'm turmi'sli'q ta'jiriybelerge suyengen halda is tuti'w jaqsi' ha'tiyje beredi. Muzi'ka ti'n'lawda bolsa mazmuni' ta'repinen bir qansha quramali' bolg'an shi'g'armalar wo'tiledi. Woqi'wshi'lar wo'zbek, qaraqalpaq xali'q qosi'qlari', maqomlar, mumtoz qosi'qlar, yalla ha'mde laparlar, xali'q muzi'kasi'ni'n' jergilikli qollanbasi' menen tani'si'p, duzilis mazmuni', tariyxi'n uyrenedi. Klassik qosi'qlar, maqamlar ayti'p, wo'zbek xali'q muzi'kasi'ni'n', durdana shi'g'armalari'nan zawi'q aladi'.

Muzi’ka adam wo`mirine unamli’ ta`sir yetip, sanasi’ni’n` rawajlani’wi’na ja`rdemlesedi.

## II.Bap. 6-7 klasslarda muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’w metodlari’

### 2.1. 6-7 klasslarda muzi’ka sawati’n uyretiw usi’llari’.

6-7 klasslarda muzi’ka ma`deniyati’ sabag`i’nda qosi’q uyretiw, muzi’ka ti’n`law menen birge muzi’ka sawati’ da uyretiledi. Muzi’ka sawati’ muzi’ka sabag`i’nda tiykarg`i’ wori’n iyeleydi. Sebebi taza qosi’q uyretiw ushi’n, muzi’ka ti’n`lati’w ushi’n da muzi’ka sawati’na iye boli’w kerek. 6-klassta muzi’ka sawati’ boyi’nsha wo’lshemler, ladlar, ton ha’m yari’m ton, altertsiya belgileri, dinamik belgileri, intervallar, reprizalar menen tani’sti’ri’p muzi’kali’q shi’g’armalardi’ analiz qi’li’w jaqsi’ na’tiyje beredi.

**Ton ha`m yari’m ton haqqi’nda tusindirgende**





Notalardi’n` arali’g`i’n sanap ko`rsetemiz. Do-re 1-ton, Re-Mi 1-ton, Mi-Fa yari’m ton, Fa-Sol` 1-ton, Sol`-Lya 1-ton, Lya-Si 1-ton, Si-Do yari’m ton

Wo’lshemler haqqi’nda tusindirgenimizde «Wo`lshem» so`zine ani’qlama beremiz.

## 2.2. 6-7 klaslarda woqi'wshi'lardi' kompozitorlar do`retiwshiligi menen tani'sti'ri'w.

Joqari' klaslarg`a 6-7 klasslar kiredi. Joqari' klass woqi'wshi'lari' baslawi'sh klaslarg`a qarag`anda a`dewir yeseygen, mutatsiya da`wirine kelgen woqi'wshi'lar boli'p yesaplanadi'. Wolardi'n` ayi'ri'mlari'nda wo`spirimlik da`wiri boli'p wo`tedi. Mutatsiya payi'ti'nda woqi'wshi'lardi'n` dawi'si'n saqlaw qi'yi'n dawi'sqa kush tusiretug`i'n qosi'q aytti'ri'wg`a bolmaydi'. Wolardi'n` dawi'si'na ku`sh tuspeytug`i'n shi'g`armalardi' tanlap ali'w kerek boladi'.

Joqari' klass woqi'wshi'lari'na mi'sali' kompozitorlardan Yu.Radjabiy, Ik.Akbarov, D.Zakirov, F.Nazarov, K.Abdullaev, Q.To`legenovlardi'n` do`retiwshiligi menen tani'sti'ri'p wo`tiwge boladi'.



**Yunus Rajabiy**.

Wo`zbek xali'q muzi'kasi'n, miyrasi'n milliy qa`diriytlari'mi'zdi'n` bir bo`legi si'pati'nda u`yreniw, ha`zirgi ku`nde qi'yi'n ma`selelerdin` biri boli'p ati'r. Wo`zbek milliy miyrasi'na na`zer taslaytug`i'n bolsaq, wo`tmishte xali'q ishinen jetilip shi'qqan wolardi'n` atqari'w sheberliklerin, sonday-aq ustazli'q jollari'na ayri'qsha di'qqat awdarsaq, xalqi'mi'zdi'n` kewlinen jay alg`an a`jayi'p ko`rkem-wo`ner iyelerin maqtani'sh yetiwge boladi'. Mine solardi'n` ishinde wo`zbek muzi'ka ko`rkem-wo`nerinin` birinshi akademigi Yunus Rajabiydin` worni' girewli.

Yunus Rajabiy da`wir talabi'na say izinde qaldi'rg`an qaytalanbas ko`rkem-wo`ner miyrasi'n bolajaq muzi'ka qa`niygelerine, woni'n` kompozitorli'q, sa`zendelik, qosi'qshi'li'q wo`nerin muzi'ka a`debiyatlari'nda woqi'ti'w ha`m u`yretiw talap da`rejesinde dep qarawg`a boladi'.

Yunus Rajabiydin` sa`zendelik ha`m kompozitorli'q wo`neri bilimlendiriw ha`m ta`lim-ta`rbiya islerinde xizmeti wog`ada ulli. Wo`zbek milliy klassik muzi'ka wo`nerinin` da`slepki sa`zendelerdin` ustazi', jol baslawshi' belgili kompozitor Yunus Rajabiydin` atqari'wshi'li'q poetikali'q qaraslari'nan ataqli' sa`zende si'pati'ndag`i' xizmetlerine a`hmiyet beriw za`ru`r boli'p tabi'ladi'. Yunus Rajabiy 1897-ji'li' Tashkent qalasi'ni'n` xi'zmetker shan`arag`i'nda tuwi'ladi', wol da`slepki mektepte woqi'p ju`rgen gezlerinde muzi'kag`a i'qlasi' woyana baslaydi'.  Na`tiyjede wol ha`r qi'yli' muzi'ka a`sbaplari'nan nay, duwtar shertiw uqi'bi'na iye boladi'. Wo`zbek xali'q namalari' mudami' woni'n` di'qqati'nda bolg`an.

1916-ji'li' ataqli' sa`zende ha`m qosi'qshi' Shoraxim Shoumarov penen tani'sadi'. Bul tani'si'w woni'n` sa`zendelik ha`m kompozitorli'q xizmetinin` rawajlani'wi'nda ti'yanaqli' basqi'sh boladi'. 1919-ji'li' Tashkente jan`adan ashi'lg`an xali'q konservatoriyasi'ni'n` wo`zbek milliy saz a`sbaplari' bo`limine woqi'wg`a kiredi, usi' woqi'w arqali' wo`zin muzi'kag`a bag`ishlaydi'.

Yunus Rajabiy 1923-ji'li' Samarqandtag`i' muzi'ka pedagogikali'q bilim jurti'nda muzi'ka basshi'si', Samarqand ma`mleketlik teatri'ni'n` milliy muzi'ka boyi'nsha basshi'si' yetip tayi'nlanadi'. Woni'n` turmi'si'nda umi'ti'lmas waqi'yalardi'n` biri pu`tkil Samarqandqa belgili bolg`an baqsi' Xaji Abdulaziz Abdurasulov penen jaqi'nnan tani'sadi'. Yunus Rajabiy wonnan sazlardi'n`, qosi'qlardi'n`, maqom ha`m bastokorli'q wo`nerinin` mashaqatli' jollari'n u`yrenedi. Wolar menen toylarda ha`r qi'yli' seyillerde jiyi-jiyi ushi'rasi'p, wolardi'n` do`retpelerinen ilhamlani'p bir neshshe muzi'kali' shi'g`armalar jaratadi'. Yunus Rajabiy bilim jurti'ndag`i' jaslarg`a Tashkent, Farg`ana yellerinin` qosi'q ha`m muzi'kalari'n atqari'wshi'li'q jollari' menen tani'sti'radi'. Bul woqi'w worni'nda woqi'p ati'rg`anlar arasi'nda talantli' shayi'r Hamid A`limjan ha`m bastakor Tolibjan Sodi'qovlar bolg`an. Yu.Rajabiy  Muzi'kalardi'n` repertuarlari'n jan`a shi'g`arma maqsetinde «Shashmaqam» di' teren`rek u`yreniwdi basli' wazi'ypa dep qaraydi'. Wol 1926-ji'li' Tashkentke kelgennen keyin ko`plegen sazendelerdi tan`lap do`gerek

du`zedi ha`m ka`rxanalarg`a bari’p kontsertler beredi. Sol do`gereklerden muzi’kantlardan Orif Qasi’mov, Mahmud Yunusovlar qusag`an belgili Muzi’kantlar jetilisip shi’g`adi’. Yunus Rajabiydin` usi’li’n atqari’wshi’li’q xizmetin dawam yettiriwshilerdin` biri o`zbekistan xali’q artisti Berda Davi’dova, Tajikstan xali’q artisti Barno Isakovalardi’ mi’sal keltiriwge boladi’.

1927-ji’li’ O`zbekistan radio komiteti jani’nan milliy saz ansambli du`ziledi. Usi’ ansamblde Yunus Rajabiy da`slepki ji’llarda muzi’kant keyin ala waqi’tti’n` wo`tiwi menen birge ansamblge basshi’li’q yetedi. Ansamblde O`zbekistanni’n` talantli’, uqi’pli’ ustaz ko`rkem-wo`ner iyeleri isleydi. Wolardi’n` arasi’nda Damla Halim Ibadov, Mulla Tuychi Toshmuhammedov, Orif Xoji Alimaqsumov ko`plegen sazendeler ha`m qosi’qshi’lar jumi’s ali’p baradi’. Ansambldin` jumi’si’ Yunus Rajabiy ushi’n bastakorli’q xizmetinde u`lken rol` woynaydi’.

Wol 100 den aslam ha`r qi’yli’ muzi’kalar ha`m qosi’qlar do`retip wolardan «Judo», «`Koshki», «Kuygay», «Muncha ha`m», «Hajringda» h.t. basqalar bar.

1927-ji’li’ O`zbekistan bastakorlar awqami’ du`zilip woni’n` birinshi ag`zali’g`i’na Yu.Rajabiydi qabi’l yetedi. 1936-ji’ldi’n` aqi’ri’nda Yu.Rajabiy basshi’li’q yetken radiodag`i’ ansambl menen Moskvada tvorchestvoli’q saparda boladi’. Yu.Rajabiy xali’q muzi’kasi’n notag`a tu`siriwdi wo`z aldi’na maqset yetip qoydi’, woni’n` alti’ tomli’q «Wo’zbek xaliq muzi’kasi» ha`m «Shoshmaqom» qatari’ miynetlerin woqi’ti’wshi’lardi’n` paydalani’w qurali’ si’pati’nda xi’zmet yetpekte. Yu.Rajabiy saz shertiw wo`nerin u`yretiwde sha`kirtler tayarlawg`a qunt penen jumi’s ali’p baradi’. Na`tiyjede T.Sodiqov, N. Hasanov, S. Qalanov, A.Qasi’mov, F. Sadi’qov. Nazira Ahmedova, Turg`un Karimov, Orti’qxwja Imomxwjaevlar wo`zbek muzi’ka ko`rkem-wo`nerinin` rawajlani’wi’na wo`z u`leslarin qosadi’.

Yunus Rajabiyge 1939-ji’li’ O`zbekistang`a xi’zmet ko`rsetken san`at arbobi’, 1955-jili O`zbekistan xali’q artisti atag`i’ beriledi. 1966-ji’li’

O`zbekistan pa`nler akademiyasi’ni’n` akademigi, 1971-ji’li’ Hamza ati’ndag`i’ ma`mleketlik si’yli’qti’n` lawreati’ boladi’. Wol 1976-ji’li’ qayti’s bolg`an.

Muzi’ka sabag;inda mektep woqi’wshi’lari’na kompozitor do`retpelerin uyretkende « Galereya» metodi’n da qollani’wg`a da boladi’. Bul jerde klastag`i’ woqi’wshi’lardi’ 3-toparg`a bo`lip wolardi’n` komandasi’ni’n` atlari’n saylap aladi’ mi’sali’: 1-topar «Saz a`sbaplar» komandasi’, 2-topar «Qosi’qshi’lar» komandasi’», 3- topar « Nota» komandasi’ dep toparlarg`a atlar qoyi’p’ ha`m wolarg`a do`retiwshilik tapsi’rmalar beriledi. Bul jerde bizler temami’zg`a baylani’sli’ kompozitorlardi’n` atlari’n ayti’p wolarg`a tapsi’rmalar beriledi. Bul toparlar birgelikte woylasi’w ushi’n wolarg`a 10-minut waqi’t beriledi.

Waqi’t berilgen tapsi’rmani’n` quramali’li’g`i’na baylani’sli’ beriledi. Kompozitordi’n` do`retpelerindegi shi’g`armalardi’n` atlari’ , iri ko`lemdegi shi’g`armalar, balalarg`a arnalg`an qosi’qlari’, balet , opera h.t.b. atlari’n bir plakatqa jazi’p woqi’wshi’lar prezentatsiya isleydi. Son`i’nan bir birewinin` juwaplari’n ko`rip shi’g`adi’ ha`m tani’sadi’.

## 2.3. 6- klassta muzi'ka sabag'i'n wo'qi'ti'w usi'llari'

Alti'nshi' klassta muzi'ka ma`deniyati' pa`nin wo'qi'ti'wda wo'qi'ti'wshi' yen` birinshi kalendar-tematikali'q plan duzip aladi'. Barli'q pa`nler si'yaqli' muzi'ka pa`ninde de Ma`mleketlik ta`lim standarti'na a`mel qi'ladi'.

Ta`lim standarti'nda ha`r bir klass ushi'n temalar, wolarg`a aji'rati'lg`an saatlar, jil temasi' ha`m sherek temalari' belgilenip berilgen.

6-klassta ji'l temasi' "Klassik muzi'ka**".**

6-klassti'n` I- shereginde : Klassik (mumtoz) Muzi'ka haqqi'nda mag'lumat.

II sherekte: Zamanagoy umzi'ka ha'm woni'n' tiykarg'i wo'zgeshekiler.

III- sherekte: Shi'g'i's xali'qlari'ni'n' klassik (mumtoz) muzi'kasi'.

IV- sherekte: " Evropa klassik (mumtoz) Muzi'ka menen tani'si'w".

G`a`rezsizlik da`wirinde muzi'ka ma`deniyati' pa`nin wo'qi'ti'wda birneshe jan`ali'qlar kirgizildi. Bular zamanago`y tiptegi muzi'ka kabinetleri, saz a`sbaplari', kompozitor do`retiwshiliklerin ken`inen uyretiw, qosi'qlardi' karaoke usi'li' menen ha`m sibeliyus programmasi'nda ti'n`lap ayti'w si'yaqli' ko`p g`ana mumkinshiliklerge jol ashi'ldi'.

6-klassta 2-sherekte S.Palwanov ha'm Q.To'legenovlardi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi haqqi'nda sabaq islenbesin ko`rsetip wo`temiz.

**Tema: S.Palwanov ha'm Q.To'legenovlardi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi**

**Sabaqti'n' maqseti:** Woqi'wshi'lardi'n' ruwxi'y ko'rkemlik ma'deniyati'n qa'liplestiriw, watan suyiwshilik ta''rbiyasi'n a'melge asi'ri'wda, ko'rkem dunyasi'n ken'eytiwge, pikirlew qa'biletin woyatadi'. Muzi'ka ti'n'law, qosi'q ayti'w, muzi'ka sawati' qusag'an shi'ni'g'i'wlar sabaqti'n' mazmuni'n ashi'p beriwshi ko'rgizbe qurallar.

**Bilim beriwshilik maqseti:** Saparbay Palwanov ha'm Qalbay To'legenovlardi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi haqqi'nda tusinik beriw.

**Ta'rbiyali'q maqseti:** Woqi'wshi'larg'a qaraqalpaq kompozitorlari'mi'z benen maqtani'w, wolardi' Watang'a ha'm wo'z xalqi'na sheksiz muhabbat ruwxi'nda ta'rbiyalaw.

**Rawajlandi’ri’wshi’li’q maqseti:** Ti’n’law, bayan yetiw, so’ylew, yeste saqlaw ko’nlikpeleri ha’m uqi’pli’li’qlari’n a’meliyatta bekkemlew ha’m rawajlandi’ri’w.

**Qurallandi’ri’w:** Sabaqli’q, ko’rgizbe qurallar, tarqatpa materiallar, kompyuter, proektor ha’m slaydlar.

**Sabaqta qollani’latug’i’n metodlar:** toparlarg’a bo’liw, baqlaw metodi’, jumbaqli’-krossvord metodi’, venn diagrammasi’ metodi’, soraw-juwap.

Bul jumbaq-krossvordta qaraqalpaq muzi’kasi’na ulken ules qosqan kompozitorlar jasi’ri’lg`an.

**Dawi’s sazlaw:** Dawi’s sazlaw waqti’nda so’zlerin ani’q qi’li’p ha’r qi’yli’ shi’ni’g’i’wlar menen (mi’sali’: do, mi, sol, mi, do) dawi’si’mi’zdi’ sazlap alami’z

**Taza tema: Saparbay Palwanov (1937-1999).**



Saparbay Palwanov 1937-ji’li’ Qon’i’rat rayoni’nda tuwi’lg’an. Jaslayi’nan muzi’kag’a qi’zi’g’i’p Saparbay Turkmenstanni’n’ Tashawi’z qalasi’nda muzi’ka mektebin, son’ Ashxabad Ma’mleketlik muzi’ka bilim jurti’ni’n’ xor dirijyorli’q bo’limin pitkeredi.

1961-ji’li’ Leningrad Ma’mleketlik konservatoriyasi’n pitkerip No’kis Ma’mleketlik Muzi’ka bilim jurti’na wo’qi’ti’wshi’ boli’p keledi. Soni’n’ menen qatar Stanislavskiy ati’ndag’i’ teatrda xormeyster boli’p isleydi.

Birneshe muzi’kali’ dramalardi’n’ avtori’. Wolardan: «Tiklengen tuw», «Mi’n’lardi’n’ biri», «Adamlar qalay buzi’lg’an», «Jalan’ash korol», «Ayaz baba ha’m Santa Klaws ha’m qaraqshi’lar».

1981-ji’li’ Berdaq ati’ndag’i’ Ma’mleketlik filormoniyani’n’ qurami’nda simfoniyali’q orkestr ashi’p, woni’n’ bas dirijyori’ boli’p isledi.

Ko’plegen xorg’a arnalg’an shi’g’armalardi’n’ avtori’. «Arali’m», «Watan», «Respublikam», «Soldat anti’», «Qaraqalpaqstan», «Yerkinlik samali’» ha’m t.b.

O’zbekistang’a miyneti sin’gen, Qaraqalpaqstan xali’q artisti. Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’. Kompozitor S.Palwanovti’n` do’retken «G`a`rezsizlikke» qosi’g’i’ni’n’ namasi menen ti’n’lawg`a ali’p ti’n`latsaq boladi’.

## G'A'REZSİZLİKKE

B. Qayıpnazarov *so'zi* S. Palwanov *muzıkası*






Shınlıqqa u'yrengen shınlıqtı so'zler,
Ma'rtlikke u'yrengen ma'rtlikti go'zler,
Ma'rtlerden u'yrengen ma'rtlermiz Bizler,
Bizler minnetdarmız g'a'rezsizlikke.

**Kompozitor Qalbay To'legenov (1950-j).**

To'legenov Qalbay Yusup uli' 1950-ji'li' Kegeyli rayoni'ni'n' aymag'i'nda tuwi'ldi'. No'kis Ma'mleketlik ko'rkem wo'ner bilim jurti'ni'n' skripka klasi'nda bilim aldi'. Tashkent Ma'mleketlik ma'deniyat instituti'nda woqi'p jurip konservatoriyani'n' Sayfi Jalilden, Zahid Xaqnazarovlardan sabaq aldi'.

Qalbay To’legenovti’n’ ko’p sandag’i’ nama qosi’qlari’, wo’zinin’ ti’n’lawshi’lari’na ken’nen tani’s. Qosi’qlardan ti’sqari’ simfoniyali’q orkestr, xor ha’m saz a’sbaplari’ ushi’n ko’p g’ana do’retpeleri bar. Kompozitor ha’zirgi waqi’tta ma’mleketlik teatrdi’n’ simfoniyali’q orkestrinde isleydi.

Bul kompozitorlardi’n`wo`miri ha`m do`retiwshilik jollari’ menen woqi’wshi’lardi’ tani’sti’randa wolardi’n` shi’g`armalari’nan ti’n`lati’p, yamasa uyretiw kerek.

**Aziz ustazlar.**

**J.Wo’teniyazova so’zi Q.To’legenov namasi’**

1.Jaslardi’ ken’ aydi’n jollag’a baslap,
Bilimnin’ nurlari’n shashqan ustazlar,
Hadal miynet yetip, ni’q qa’dem taslap,
Ha’r kuni nurg’a-nur qosqan ustazlar.

**Naqi’rat:**

Sizler ag’i’p turg’an da’rya,
Ja’ha’n woni’n’ jag’i’slari’,
Nur rawshan bolar jolg’a,
Go’zzalli’qti’n’ tabi’slari’.

2.Keleshek wo’mirdin’ guli jaslarg’a,
Ta’lim, ilim berip yeldi insang’a,
Quslar qanati’nday qanat qomlati’p,
Jollari’n ashti’n’i’z ba’lent shi’n’larg’a.

**Naqi’rat:**

Sizler ag’i’p turg’an da’rya,
Ja’ha’n woni’n’ jag’i’slari’,
Nur rawshan bolar jolg’a,
Go’zzalli’qti’n’ tabi’slari’.

# ҚОСЫҚ ҮЙРЕН

## ӘЗИЗ УСТАЗЛАР

*Сөзи* Ж. Өтениязованики *Намасы* Қ. Төлегеновтики






✖ **Muzi'ka sawati' boyi'nsha**

To'mendegi namani' dirijyorli'q yetip, notalari' menen aytiw berilgen. Woqi'wshi'larg`a 4-shereklik wo`lshemde dirijerli'q setkasi'n islep ko`rsetemiz.



Sabaqtag`i' berilgen temani' wo`tip bolg`annan keyin sabaqti' bekkemlewde Venna diagrammasi' metodi' arqali' woqi'wshi'lardi'n temani' qalay wo`zlestirgenligin biliw maqsetinde to`mendegi jumi'slardi' ali'p barsaq boladi'.




Bul metod yeki kompozitordi'n` uqsasli'q ta`replerin sali'sti'ri'w arqali' a`melge asi'ri'ladi'.

Yeki kompozitorda xor ushi'n shi'g`arma, simfoniyali'q orkestr ushi'n shi'g`armalar do`retken, yag`ni'y woqi'wshi'lar bul yeki kompozitordi'n` wo`miri ha`m do`retiwshiligin uyrengennen keyin sabaqti' bekkemlewde qollani'ladi'.

Sonday-aq woqi'wshi'larg`a

**6-klassti'n` 2-shekeginde « Qaraqalpaq salt-da'stur ji'rlari' ha'm folklor haqqi'nda» tusinik beriwge boladi'.**

**Sabaqti'n' maqseti:** Woqi'wshi'lardi'n' ruwxi'y ko'rkemlik ma'deniyati'n qa'liplestiriw, watan suyiwshilik ta'rbiyasi'n a'melge asi'ri'wda, ko'rkem dunyasi'n ken'eytiwge, pikirlew qa'biletin woyatadi'. Muzi'ka ti'n'law, qosi'q ayti'w, Muzi'ka sawati' qusag'an shi'ni'g'i'wlar sabaqti'n' mazmuni'n ashi'p beriwshi ko'rgizbe qurallar.

**Bilim beriwshilik maqseti:** Qaraqalpaq salt-da’stur ji’rlari’ ha’m folklor haqqi’nda tusinik beriw. Basqa millet da’sturlerinin’ ayi’rmashi’li’g’i’ haqqi’nda bilim beriw.

**Ta’rbiyali’q maqseti:** Woqi’wshi’larg’a qaraqalpaq salt-da’stur ji’rlari’ ha’m folklorlari’mi’z benen maqtani’w, wolardi’ Watang’a ha’m wo’z xalqi’na sheksiz muhabbat ruwxi’nda ta’rbiyalaw.

**Rawajlandi’ri’wshi’li’q maqseti:** Ti’n’law, bayan yetiw, so’ylew, yeste saqlaw ko’nlikpeleri ha’m uqi’pli’li’qlari’n a’meliyatta bekkemlew ha’m rawajlandi’ri’w.

**Qurallandi’ri’w:** Sabaqli’qlar, temag’a tiyisli qaraqalpaq salt-da’stur ji’rlari’ ha’m folklorlari’mi’zdan video ko’rinis, proektor ha’m slaydlar, a’sbaplardi’n’ suwret bukletleri, kalonka, toparlar ushi’n jazi’lg’an soraw-juwap kartochkalari’.

**Sabaqta qollani’latug’i’n metodlar:** toparlarg’a bo’liw, baqlaw metodi’, piramida metodi’, kishi toparlarda jeke ha’m birge islesiw, mini leksiya, soraw-juwap.

**Sabaq turi:** Jan’a temani’ uyreniw ha’m aralas.

Sabaqti’n’ blok sxemasi’:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho’lkemlestiriw | 3 minut |
| 2 | Uyge tapsi’rmani’ soraw | 8 minut |
| 3 | Taza temani’ tusindiriw | 10 minut |
| 4 | Muzi’ka ti’n’law | 5 minut |
| 5 | Ja’ma’a’t boli’p qosi’q ayti’w | 10 minut |
| 6 | Taza temani’ bekkemlew | 5 minut |
| 7 | Bahalaw | 2 minut |
| 8 | Uyge tapsi’rma beriw, juwmaqlaw | 2 minut |

**Sabaqti’n’ bari’si’:**

**Sho’lkemlestiriw:**

**I.** Woqi’wshi’lar menen sa’lemlesip, na’wbetshi arqali’ qatnasti’ ani’qlaw, taxta ushi’n por, tazali’qqa itibar beriw.

**II.** Uyge tapsi’rmani’ soraw (woqi’wshi’lardan a’sbaplardi’n’ konvert turinde ilingen ko’rgizbe qurallar arqasi’nda jasi’ri’ng’an sorawlar arqali’ juwap alaman).

1. Qaraqalpaq muzi’kasi’ a’dette qanday jolda do’retilgen?
2. Qaraqalpaq muzi’kasi’ni’n’ rawajlani’wi’na neler sebep bolg’an?
3. Qaraqalpaq kompozitorlari’nan kimlerdi bilesiz?
4. Wo’tken a’sirdin’ neshinshi ji’llari’ xalqi’mi’zdi’n’ talantli’ jaslari’ do’retiwshilik islerin basladi’?
5. Qaraqalpaq muzi’kasi’ni’n’ rawajlani’wi’na ja’rdemge kelgen kompozitorlardan kimlerdi bilesiz?
6. N.Muxammeddinovti’n’ birinshi qaraqalpaq operasi’ ha’m baletinin’ atamasi’ qanday?
7. G’ayi’p Demesinovti’n’ shi’g’armalari’nan ayti’p berin’.
8. Ko’p dawi’sli’ muzi’kalardi’n’ payda boli’wi’na xi’zmet yetken kompozitorlardan kimlerdi bilesiz?

**III. Taza tema:**

## Qaraqalpaq salt-da’stur ji’rlari’ ha’m folklor haqqi’nda.

Salt-da’stur ji’rlari’ dep – xali’qti’n’ da’sturleri menen baylani’sli’ qosi’q ji’rlardi’ aytami’z. Salt-da’stur ji’rlari’ni’n’ bir turi, kelin tusirgende, qi’z uzatqanda ayti’latug’i’n «Ha’wjar» , «Toy baslaw», «Bet ashar» ji’rlari’ boli’p yesaplanadi’.

Adamlar ja’bir ko’rgende, basi’na wo’lim, qayg’i’ tuskende do’regen joqlaw ayti’mlari’ boli’p ataladi’. Bul ji’rlarg’a «Joqlaw», «Sin’siw», «Kewil ayti’w» si’yaqli’ ji’r qosi’qlar kiredi.

Salt-da’stur ji’rlari’ xali’qti’n’ arasi’nda saqlani’p, bizge shekem jetip kelgen. Muzi’kali’q folklor – bul milliy da’sturlerimizdin’ muzi’kadag’i’ ko’rinisi desek boladi’. Xalqi’mi’zdi’n’ milliy bayli’g’i’ bolg’an folklor miyrasi’n keleshek awladqa jetkeriw maqsetinde folklor ansamblleri’n duziw

zaman talabi'na aylandi'. Sol maqset penen 1978-ji'li' Tashkent wa'layati'ni'n' Bostanli'q awi'li'nda «Gulzar» folklor ansambli sho'lkemlestirildi'. Ha'zirge kelip ha'mme wa'layatlarda usi'nday ansambller duzili'p, xali'qqa xi'zmet yetip ati'r. Muzi'ka miyrasi' arasi'nan ken' wori'n alg'an folklor muzi'kasi'ni'n' salt-da'stur, ha'r qi'yli' ma'resimlerine arnalg'an muzi'kalar to'mendegi turlerge bo'linedi:

a) balalar folklori': «Baysheshek», «Aq terek pe ko'k terek», «Chamanda gul» si'yaqli' qosi'qlar ken' wori'n alg'an.

b) miynetke baylani'sli' qosi'qlar: «Mayda-Mayda», «Yozi», «Xosh-xosh», «Sharqi'm» si'yaqli'lar.

v) toy muna'sebetine baylani'sli' qosi'qlar: «Yar-yar», «Kelin sa'lem», «Toylar muba'rek».

g) diniy qosi'qlar: «Sadr», «Zikir», «Marsiya».

d) sonday-aq ta'biyat penen baylani'sli' ay-kun tuwi'lg'anda, jamg'i'r jawiwdi' soraytug'i'n qosi'qlar boli'p sanaladi'.

Usi'lar menen birge besik ji'rlari', la'pa'r qosi'qlari', termeler, xali'q folklor muzi'kasi'ni'n' negizgi janrlari'nan yesaplanadi'.

Mine usi'nday salt-da'stur ji'rlari' xali'qti'n' arasi'nda saqlani'p, bizge shekem awi'zdan-awi'zg'a wo'tip jetip kelgen.

**Muzi'ka ti'n'law:**

«Aq terekpe, ko'k terek», «Ha'yyiw».

**Dawi's sazlaw:** Dawi's sazlaw waqti'nda so'zlerin ani'q qi'li'p ha'r qi'yli' shi'ni'g'i'wlar menen (mi'sali': do, re, mi, fa, mi, fa, mi .fa, sol') dawi'si'mi'zdi' sazlap alami'z.



**Ko’pshilik boli’p ayti’w:**

**“O’zbekistan ja’nnet ma’kan”** qosi’g’i’n aldi’n mug’allim ayti’p beredi, son’ woqi’wshi’lar menen birgelikte ayti’p uyretiledi.

**Muzi’ka sawati’:**

**Yari’m ton ha’m putin ton haqqi’nda tusinik.**

Yeki sestin’ yen’ jaqi’n jaylasqan arali’g’i’ yari’m ton boladi’, mi’sali’: mi-fa, si-do. Yeki yari’m tong’a ten’ arali’q putin ton boladi’, mi’sali’: do-re, re-mi, fa-sol, sol-lya, lya-si.

**Qosi’qti’ analizlew:**

1. Balalar sizlerge qosi’q  unadi’ma?

2. Qosi’qti’ yesitkende ko’z  aldi’n’i’zg’a neler keldi?

**IV. Bekkemlew:**

Taza temani’ bekkemlew ushi’n sorawlar:

1. Salt-da’stur ji’rlari’ degenimiz ne?

2. Folklor muzi’kasi’ degenimiz ne?

3. Folklor muzi’kani’n’ qanday turleri bar?

4. Salt-da’stur ji’rlari’na neler kiredi

5. Balalar folklori’n ayti’p berin’.

6. Miynetke baylani’sli’ qosi’qlardi’ ayti’p berin’.

7. Diniy qosi’qlardi’ ayti’p berin’.

8. Ta’biyatqa baylani’sli’ qosi’qlardi’ ayti’p berin’.

9. Yari’m ton degenimiz ne?

10. Putin ton degenimiz ne?

**V. Bahalaw:**

**VI’. Uyge tapsi’rma beriw:**

1. Qaraqalpaq salt-da’stur ji’rlari’ haqqi’nda ayti’p berin’?
2. Folklor haqqi’nda ayti’p berin’?
3. « O’zbekistan ja’nnet ma’kan» qosi’g’i’n yadlap keliw.

## Krossvord - jumbaq

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| M | B | I | A | R | Q | T | U | N |
| U | T | A | B | O | K | G | R | J |
| X | I | R | D | A | O | P | B | Q |
| A | O | J | U | T | R | A | L | B |
| M | K | I | L | Q | A | L | G | R |
| M | N | Y | L | I | T | W | A | O |
| E | G | E | A | K | U | A | T | I’ |
| D | E | M | E | S | I’ | N | O | V |
| D | L | U | V | G | N | O | K | A |
| I | U | R | A | L | Z | V | N | T |
| N | Z | A | T | U | L | B | I | K |
| O | Q | T | I’ | Z | B | R | Q | G |
| V | M | O | R | B | G | I | Z | L |
| B | E | V | O | E | J | K | E | M |

**Bul jumbaq-krossvordta qaraqalpaq muzi’kasi’na ulken ules qosqan kompozitorlar jasi’ri’lg`an. Vertikal boylap juredi.**

6-klassta 4- sherektin` temasi’:“ Yevropa klassik (mumtoz) muzi’ka menen tani’si’w”.

**4-sherektin` 1-sabag`i’ «Yevropa klassik muzi’kasi’».**

**1. Sabaqti’n’ maqseti:**

**a) Ta’limiy:**

Woqi’wshi’larg’a Yevropa klassik muzi’kasi’ haqqi’nda, nota sozi’mli’g’i’n uzayti’wshi’ belgiler haqqi’nda tusinik beriw.

**b) Ta’rbiyali’q:**

Woqi’wshi’larda muzi’kag’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w.

**v) Rawajlandi’ri’wshi:**

Woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kali’q qa’biletin rawajlandi’ri’w.

**2. Sabaqti’n’ bari’si’:** Sho’lkemlestiri’w 2-min

a) Nama ti’n’law 15-min

b) Muzi’ka sawati’ 8-min

v) Qosi’q ayti’w 15-min

g) Sabaqti juwmaqlap uyge tapsi’rma beriw 5-min

**3. Taza tema haqqi’nda mag`li’wmat:**

**Yevropa klassik muzi’kasi’.**

Yevropa klassik muzi’kasi’ni’n’ – opera, kantata, oratoriya, balet, syuita, simfoniya, uvertyura, sonata si’yaqli’ ko’p dawi’sli’ janrdag’i’ muzi’kali’q shi’g’armalari’ni’n’ ulgisi worta a’sirlerde payda bola basladi’. Sol waqi’ttan beri bunday shi’g’armalardi’ jarati’wshi’lar wo’z zamani’ni’n’ talaplari’na, urip-a’detlerine sa’ykeslestirip, kele-kele ha’zirgi da’wirdegi da’rejesine keltirdi.

Opera – XVI’ a’sirdin’ aqi’ri’nda Italiyada payda boldi’. Wolar tariyxi’y qaharmanli’q, tariyxi’y-romantik, yepik, a’psanali’q, lirik, dramatik ha’m basqa da temalarda jazi’ldi’. Wolardi’n’ birinshilerin J.Verdi, X.Glyuk, V.Mocartlar jazg’an.

Kantata ha’m oratoriyalar da opera menen bir da’wirde payda boldi’. Bular jeke qosi’qshi’, xor, orkestr ushi’n jazi’lg’an ko’p bo’limlerden ibarat shi’g’armalar boli’p sanaladi’.

Balet – francuzshadan ali’ng’an so’z boli’p «woyi’ng’a tusemen, woynayman» degen ma’nini bildiredi. Francuz kompozitori’ J.B.Lyulli balettin’ birinshi ulgilerin jazg’an.

Simfoniya – XVIII a’sirde bayda boli’p, tez arada dunyag’a tarap ketken. Betxoven, Mocart, Shubert, Chaykovskiy, Borodin si’yaqli’ klassik kompozitorlar simfoniyani’n’ klassik ulgilerin jaratti’.

Yevropa klassik muzi’kasi’nda ballada, sonata, prelyudiya, kvartet si’yaqli’ muzi’ka janrlari’ payda boldi’. Yevropa klassik muzi’kasi’nda organ muzi’kalari’ ayri’qsha’’ wori’ng’a iye. Klavishli nama ja’rdeminde shertiletug’i’n bul a’sbap ushi’n I.S.Bax, Gendel si’yaqli’ kompozitorlar shi’g’armalar jazdi’. Usi’ ayti’lg’an muzi’k’a janrlari’ wo’zbek muzi’kasi’na XX a’sirden baslap aralasti’.

**a) Nama ti’n’law:**

L.Betxovennin’ «Elizag’a» shi’g’armasi’n ti’n’law.

**b) Muzi’ka sawati’:**

To’mendegi namani’ dirijyorli’q qi’li’p, nota atlari’ menen ayti’n’.

**v) Qosi’q ayti’w:**

«Ba’ha’r» qosi’g’i’.K. Abdullaev muzi’kasi’

**4. Bahalaw.**

**5. Uyge tapsi'rma:**

1. Ko'p dawi'sli' muzi'ka janrlari'n ayti'p berin'.
2. Operalar qanday temalarda jazi'ladi'?
3. Kantata, oratoriya, baletler haqqi'nda ayti'n'.
4. Klassik kompozitorlardan kimlerdi bilesiz?
5. «Ba'ha'r» qosi'g'i'ni'n' avtorlari' kimler?
6. Qosi'qti' yadtan ayti'p berin'.

## 3-sabaqti'n` temasi' : Simfoniya.

**Sabaqtin' barisi:**

Bilimlendiriw:Simfoniya haqqinda tusinik beriw.

Ta'rbiyaliq: Woqi'wshi'lardin' woz maqsetlerine jetiskenleri ushi'n tizimlilik, shi'damli'li'3 aldi'2a umti'li'7shi'li'3 sezimlerin woyati'7,

Rawajlandiriw:Muzi'kaliq so'zlerdi rawajlandiriw.

Sabaqtin'tiri: Aralas sabaq.

Sabaqta paydalanatug'in metodlar: Ha'rbir woqi'wshi' menen ha'm toparlar arasi'nda.

Sabaqti qurallandiriw: Prezentasiya,plakat,tarqatpa materiallar,Bahalaw ushin ren'li jetonlar,slayt,kespe sorawlar, markerler.

Sabaqtin' barisi:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho'lkemlestiriw | 2-minut |
| 2 | Uyge tapsirma soraw | 7-minut |
| 3 | Baylanistiriw | 3-minut |
| 4 | Taza tema | 17-minut |
| 5 | Bekkemlew | 10-minut |
| 6 | Juwmaqlaw | 2-minut |

I.) Sho'lkemlestiriw: (2-minut)

Woqi'wshi'lar menen sa'lemlesiw klass tazalig'in ko'zden wo'tkeriw na'wbetishi arqali' woqi'wshi'lardi' barlaw.

Dawi'sti' sazlaw ko'nlikpeleri (2-minut)

II.) Uyge tapsi'rma soraw: (7-minut)

Valfgang Amadey Motsart do'retiwshiligi haqqi'nda tusinik beriw ha'm qosi'g'i'ni'n' tekistin ayti'p beriw.

I-KARTOSHKA

1. Valfgang Amadey Motsart neshinshi ji'li' tuwi'lg'an?
2. Valfgang Amadey Motsart neshe jasi'nda muzi'ka shertip baslag'an?
3. Motsart qanday opera jazadi' ha'm qanday shi'g'armalar do'retedi?

II-KARTOSHKA

1. Valfgang Amadey Motsartti'n' apasi'ni'n' ati' kim yedi?
2. 7 jasta 12 jasar apasi' Anna menen birge qaysi sarayda konsert beredi?
3.14 jasi'nda Motsart qanday diplom aladi?

III-KARTOSHKA

1. 8 jasta Motsart shig'armalari qa'ysi qalada kitabi' basi'p shi'qti'?
2.Wol 12 jasi'nda wo'zinin' birinshi jani'ri'n jazg'an?
3.Motsartti'n' a'kesinin' ati' kimedi?

III-Baylanstiriw.(3 minut)

III.) Taza tema: (17-minut )

**Simfoniya**

Simfoniya so'zi grek tilinen ali'ng'an boli'p –« sun» ( birge) ha'm « fone» (dawi's) so'zlerinin' quralg'an. Wol ko'plegen saz a'sbaplari'n birgelikte qosi'li'p shertetug'in muzi'kali'q shi'g'armasi' yesaplanadi'.

Simfoniyalardi' a'dette simfonik orkestr atqaradi'. Geyde wog'an xor ha'm jeke qosi'qshi'lar da qosi'ladi'. Simfonik orkestrde qanday a'sbaplar qatnasatug'i'nli'g'i'n siz jaqsi' bilesiz. Toli'q simfonik orkestr to'mendegishe jaylasadi'.




**Simfoniya XIX-XX a'sirde ken' tarqalg'an.**

Simfoniyalar a'dette to'rt bo'limnen ibarat boladi:

I bo'lim sonata allegro turinde;

II bo'lim lirik xarakterde:

III bo'lim menuet yamasa skerso xarakterinde:

IV bo'lim rondo xarakterinde. Bul bo'lim a'dette saltanatli', shadli' xarakterde jazi'ladi'.

Simfoniya jani'ri'n nemic, shex, italiya, francuz ha'm avstriyali' kompozitorlar jaratqan.

Simfoniyani'n' klassik turlerin Y.Gaydn, V.Motsart, P. Shaykovskiy, S.Prokofyev. siyaqli kompozitorlar jaratqan. Wo'zbek kompozitorlari' arasi'nda M.Ashirafiy, I.Akbarov,T.Qurbanov, S.Jalil, M.Tajiyev, B.Lutfullaev, M.Bofoyev Qaraqalpaq kompozitorlari' G'.Demesinov simfoniyali'q shi'g'armalar jazg'an. Saparbay Palwanov Ajiniyaz shayirdin' Bozataw

qosi’g’i’ni’n’ tiykari’nda poema jazg’an. Xali’q namasi’ sheberlik penen qayta islengen.

Simfoniyani’n’ a’piwayi’ ha’m kishkene ko’lemdegi turi simtonetta, bir bo’limnen ibarat turi « Simtonik poema »dep ataladi’.

**Muzi’ka ti’n’law**:V.Motsart. (40-simfoniyasi’) uzindi tin’lan’**.**

**Ko’pshilik boli’p aytiw: «Go’zzal No’kisim»**

So’zi:B.Nurnazarov. Muzikasi:Q.To’legenov.

Kun sayi’n boy tiklep suli’w jaylari’n’,
Shadli’qa bo’lendin’ Amiw boylari’,
Baxi’tli’ zamanda guldey jaynadi’n’,
Gullenip wo’se ber go’zzal No’kisim.

Go’zzal ko’shelerin’ taslani’p ko’zge,
Suli’w qala joqtay wo’zin’nen wo’zge,
La’zzet bul tuwi’lg’an jerimnen bizge,
Gullenip wo’se ber go’zzal No’kisim.

Ba’ha’rde a’tira’p jasi’lg’a do’nip,
Shi’rayi’n’a shi’ray ko’rkin’e-ko’rik,
Wo’zin’e wo’zgeshe suli’wli’q berip,
Jaynap-jasna mudam, go’zzal No’kisim!

Wo’zin’e maqtawli’ so’z bar-bas qalam!
Gullep ko’rkeye ber, go’zzal jas qalam,
Perzentin’ wo’zin’nen ilham yosh alar,
Jirg’a, nurg’a toli’, go’zzal No’kisim!

Muzi’ka sawati’:

IV.Bekkemlew: ( 10-minut) Simfoniya a’lemine sayaxat

**1. Simfoniya qaysi tillden ali’ng’an ha`m ne ma’nisin beredi?**

Simfoniya so’zi grek tilinen ali’ng’an boli’p –« sun» ( birge) ha’m « fone» (dawi’s) so’zlerinen quralg’an.

**2.Simfoniya neshe bo’limge bo’linedi?**

Simfoniyalar a’dette to’rt bo’limnen ibarat boladi:

I bo’lim sonata allegro turinde;

II bo’lim lirik xarakterde:

III bo’lim menuet yamasa skerso xarakteride:

IV bo’lim rondo xarakterinde.

**3.Simfoniyani’ qaysi’ milletler do’retken?**

Simfoniya janri’n nemic,  shex, italiya, francuz ha’m avstriyali’ kompozitorlar jaratqan.

**4. Simfoniyani’n’ klassik turleri’n jaratqan kompozitorlardi’ atap berin’?**

Simfoniyani’n’ klassik turlerin Y.Gaydn, V.Motsart, P. Shaykovskiy, S.Prokofyev. siyaqli’ kompozitorlar jaratqan..

**5. Wo’zbek kompozitorlari’  arasi’nda simfoniya  jaratqanlar kimler yedi?**

Wo’zbek kompozitorlari’ arasi’nda M.Ashirafiy,I.Akbarov,T.Qurbanov, S.Jalil, M.Tajiyev, B.Lutfullaev, M.Bofoyev.

**6.Simfoniyani’n’ a’piwayi’ ha’m kishkene ko’lemdegi turin atap berin’?**

Simfoniyani’n’ a’piwayi’ ha’m kishkene ko’lemdegi turi simtonetta, bir bo’limnen ibarat turi « Simtoniyali’q poema» dep ataladi’.

**7. Qaraqalpaq kompozitori’ simfoniya shi’g’armallari’n jazg’an kim yedi?**

G’ayi’p Demesinov simfoniyali’q shi’g’armalar jazg’an.

**8.Simfonik orkestirinin’ qurami’n ayti’n’?**

Kamanli’ ,Ag’ashli’, Mi’sli’, Urma.

**9.Muzi’ka ti’n’lap tabiw?**

Motsartti’n’ 40-Simfoniya, Bozataw poemasi’, Go’zzal No’kisim.

**V.Juwmaqlaw**: Simfoniya haqqi’nda woqi’p keliw, ha’m qosi’qti’n’ namasi’ menen ayti’p beriw.

Sabaqta qollani’latug`i’n ko`rgizbeli  qurallar.




Beethoven


O’zbek teatrlari.
Navoyi nomidagi teatr.
Muqimiy nomidagi teatr

## 2.4. 7 klassta muzi’ka sabagi’n wo’qi’ti’w usi’llari’

Jetinshi klassta muzi’ka ma`deniyati’ sabag`i’n wo`tkende woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’n` 6-klassta alg`an bilim ha`m ko`nlikpelerine, jas wo`zgesheliklerine tiykarlani’p joba duzedi. Jobani’ duziwde aldi’n repertuarlar tan`lap ali’nadi’.

**Jetinshi klassta ji’l temasi’:**

“ Xali’q muzi’kasi’ni’n’ jergilikli tarawlari’. Maqamlar haqqi’nda uli’wma tusininkler”.

I- sherek: «Qashqadarya, Surxandarya , Samarqand – Buxara walayatlari’ni’n’ muzi’kali’q tarawlari’ menen tani’si’w».

II- sherek: Ferg’ana, Tashkent ha’mde Xorezim walayatlari’nda muzi’kali’q usi’llar menen tani’si’w”

III- sherek: «Maqam, Shashmoqam».

IV- sherek: «Xorezim maqamlari’. Ferg’ana, Tashkent maqam jollari.»

Uyreniletug’i’n shi’g’armalar ko’rkem ha’m ideyali’q jaqtan ta’sir qaldi’ri’w ushi’n wolardi’ ma’lim bir tiykarda ureniw maqsetke muwapi’q boladi’. Bunday temalar bir yamasa birneshe sabaqlar tiykari’nda muzi’ka ni’zamli’qlari’ni’n’ do’retiwshilik turleri ha’m woni’n’ tusindirme qurali’ bolg’anli’g`i’n ayti’p wo`tiw wori’nli’ ham usi’ temag`a ko`p waqi’t bag’ishlaw lazi’m. Ma’selen: “Lad degen ne?”, “jergilikli muzi’ka usi’llari”, “Maqam”, “Ulken qosi’q janri”, “Shashmaqam” solar qatari’nan wori’n aladi’. Wo’qi’ti’wshi tin’lag’an muzi’ka shi’g’armalari’n ani’q ta’rtipke salg’an halda, woqi’wshi’lardi’ mutatsiya da’wirinde dawi’si’na ziyan tiygizbew ushi’n wolardi’n’ dawi’s diapazoni’, qi’zi’g’i’wshi’li’q ha’m zawi’q, muzi’ka ha’m qosi’q tarawi’ndag’i’ tayarli’qti’ iti’barg’a ali’wi’ lazi’m. Woqi’wshi’larg’a muzi’kali’q ta’rbiya beriwdin’ tiykarg`i’’ basqi’shi’ xorda da qosi’q ayti’w. Qosi’q aytqanda dawi’sti’ asi’raw ha’m vokal- xor shi’ni’g’i’wlari’, yag’ni’y ush dawi’sta, pa’s basqi’shi’ yag’ni’y joqari’ basqi’shi’nda dawi’slar arasi’nda kvinta yamasa oktava

da’rejesindegi bo’limlerde suyemellewsiz shi’ni’g’i’wlar, qosi’qlardan uzindiler ayti’p, dawi’sti’ sazlap bir qa`lipke Sali’w ulken a’hmietke iye. Muzi’ka ti’n’lag’anda da xor boli’p qosi’q aytqanda da, muzi’ka tarawi’ndag’i’ ali’ng’an barli’q teoryali’q mag’lumatlari’n uyreniw protsessinde bekkemlenedi. Qosi’q uyretiw protsessinde wo’qi’ti’wshi’ shi’g’armani’ tusindirip ayti’p shi’g’arma haqqi’nda qi’sqa qi’zi’qli’ obrazlar kirisiw so’z, shi’g’armani’n’ janri’, mazmuni’ tusindirmeli zatlari’ haqqi’nda sa’wbet wo’tkiziw tikarg’i’ rol woynaydi’. Jeti ji’lli’q woqi’w da’wirinde, muzi’ka tarawi’nda jumi’s ali’p bari’w na’tiyjesinde, woqi’wshi’lar muzi’ka sawatxanli’g’i’na iye boli’p, Muzi’kani’ sanali’ analiz qi’la alatug’i’n, iri muzi’ka shi’g’armalari’n radio ha’m televidenie arqali’, muzi’ka sabaqlari’nda, konsertlerde berilip ti’n’laytug’in, ko’rkem ha’weskerlik do’gereklerinde qati’nasatug’i’n ha’m muzi’kani’ shi’n i’qlas penen jaqsi’ ko’retug’in insanlar boli’p jetisedi.

Jetinshi klassti’n` woqi’wshi’lari’ menen alti’nsha klassti’n` woqi’wshi’lari’ni’n` ayi’rmashi’li’g`i’ az. Woqi’wshi’lardi’n` ko`pshiligi mutatsiya da`wirinen toli’q shi’g`i’p bolmag`an. soni’n` ushi’n muzi’ka mug`allimi sabaqti’ tariyx ha`m a`debiyat pa`ni menen baylani’sti’ri’wdi’ dawam yetse boladi’.

Mi’sali’ : Jetinshi klassta worta a`sirler tariyxi’nda iskusstvo haqqi’nda az berilgen. II-15 a`sirlerde Bati’s Yeropa ma`deniyati’, iskusstva ha`m ma`deniyati’. Italiya ma`deniyati’ni’n` gu`lleniwi, muzi’ka haqqi’nda hesh jerde ko`rsetilmegen, biraq bul da`wirde woqi’wshi’lar Quran a`lipbesin woqi’wg`a, jazi’wg`a, si’zi’wg`a, u`yrengen qosi’qlari’n ayti’w menen sheklengen.

Solay yetip woqi’wshi’lardi’n` muzi’ka haqqi’ndag`i’ tu`sinigin ken`eytip wolardi’ basqa pa`nler menen de baylani’sti’ri’wg`a bolatug`i’ni’n tu`sindiriwimizge boladi’. Sonday-aq a`debiyat penen de baylani’sti’ri’wg`a boladi’. 7-klassta xali’q muzi’kasi’ni’n` tu`rleri, baqsi’, ji’raw, salt-da`stu`r, fol`klor haqqi’nda tu`sinik beremiz. Bul jerde qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n`

qosi’qlari’na jazi’lg`an namalar ti’n`latsa boladi’. mi’sali’. N.Muxammetdinovti’n` «A`jiniyaz» operasi’nan shi’g`i’w tariyxi’ wondag`i’ tiykarg`i’ temalar menen tani’sti’rsa boladi’. sonday-aq biologiya pa`ni menen de baylani’sti’rsaq gu`llerdi muzi’kani’n` xarakterinde wo`sirip ta`rbiyalawg`a bolatug`i’ni’n ayti’p wo`tiwge boladi’.

7-klassta woqi’wshi’lar mutatsiya da`wirinen toli’q wo`tip bolmag`an, sol sebepli qosi’qlardi’, ti’n`lag`anda duri’s sheshim qabi’llaw kerek.

7-klassta negizinen xali’q qosi’qlari’, baqsi’ ji’rawlar haqqi’nda ayti’w kerek. Jetinshi klassta qosi’q u`yretiwdin` repertuari’na mi’nalardi’ kirgizsek boladi’. «Jaqsi’» K.Abdullaev muzi’kasi’ , «Tuwg`an jerge», «Ana» R.Sultanov muzi’kasi’na jazi’lg`an qosi’qlardi’ u`yretse boladi’. Bul qosi’qlar tematikasi’ jag`i’nan ha`r qi’yli’ xarakterde, mazmuni’ da qi’zi’qli’ yetip du`zilgen. Sonday-aq qosi’qlar ko`binese na`siyat so`zler, tuwg`an jerge degen muxabbat haqqi’nda ayti’ladi’. Al nama ti’n`lati’wg`a M.Ashrafiy muzi’kasi’ «Yullarim», A.Xachaturyanni’n` «Spartak» baletinen «Eginani’n` woyi’ni’» n` ti’n`latsaq boladi’. Bul jerde qosi’q u`yretkende de nama ti’n`latqanda da shi’g`armani’n` avtorlari’ menen tani’sti’ri’p wo`temiz, wolarg`a analiz isletemiz, ko`binese wo`zlerine tapti’ri’wg`a ha`reket yetiw yeslew qa`biletin jaqsi’laydi’ ha`m yadi’nda jaqsi’ saqlap qaladi’.

Soni’n’ menen birge qaraqalpaq xali’q qosi’qlari’ni’n` janrli’q wo`zgeshelikleri menen de tani’sti’ri’p wo`temiz.

Muzi’ka sawati’ boyi’nsha 7-klassta to`mengi klasslardi’ qaytalap yadi’na tu`siredi ha`m juwmaqlawshi’ klass bolg`anli’g`i’ sebepli quramali’ tapsi’rmalardi’ atqaradi’. Mi’sali’ interval, lad, u`sh sesliklerdin` du`zilisi, sonday-aq ha`r qi’yli’ muzi’kali’q a`sbaplar menen tani’sti’ri’p wo`temiz.

Solay yetip 7-klassta woqi’wshi’lardi’ makom tiykarlari’ menen de tani’sti’rami’z.

Sonday-aq qosi’q u`yretkende woyi’n metodi’nan paydalansaq boladi’. mi’sali’ «Man`lay shertpek» qosi’g`i’n alsaq, kompozitor

S.Palwanovti'n` wo`miri ha`m do'tetiwshiligi menen tani'sti'ri'p wo`temiz. Son`i'nan shi'g`armalari'nan u`zindiler aytqi'zi'p ya bolmasa ti'n`latsaq boladi' keyin bari'p taza qosi'qqa toqtalami'z.

«Man`lay shertpek» xali'q woyi'ni' boli'p yesaplanadi'. Bul woyi'ndi' woqi'wshi'larg`a qosi'g`i' menen ko`rsetse boladi'.

wortag`a bir balani' shi'g`ari'p woni'n` ko`zin baylaymi'z.

Kewildegi' ko`z benen,
Serlep, serlep qaran`lar,
Sezgir bolsan` sezip al,
Kim shertkenin yaranlar.

Degenen keyin bir woqi'wshi' wortag`a ko`zi baylang`an balani'n` man`layi'nan shertip wo`tedi.

Man`lay shertpek degende,
Man`lay shertpek yaranlar
Sezgir bosan` sezip al,
Kim shertkenin yaranlar

Usi' so`zden keyin woqi'wshi'ni'n` ko`zin ashi'p sol adamdi' tawi'p ali'w kerek. Yeger taba almasa wonda woqi'wshi'g`a bir sha`rt qoyi'ladi'. Qosi'q ayti'w , ya bolmasa woyi'n-woynap wo`nerin ko`rsetiw kerek.

Solay yetip yeger ha`r bir sabaq woyi'n menen, ya bolmasa soraw juwaplar menen ali'p bari'lsa sabaq kewili ha`m qi'zi'qli' wo`tedi. Soni'n` menen birge woqi'wshi'lardi'n` sabaqqa degen qi'zi'g`i'wshi'li'g`i' artadi'.

**7-klassta bir sabaqti'n` islenbesin ko`rsetip wo`temiz**

Tema "Wo'`zbek muzi'ka sanaati'ni'n` ja`han saxnasi'na shi'g`i'wi'"

**Sabaqti'n` maqseti**

**Ta`limiy:** DTS tiykari'nda woqi'wshi'larda wo`zbek muzi'ka sanati'ni'n` ja`han sahnasi'na shi'g`i'wi' , bilim ha`m ko`nlikpeler payda yetiw.

**Tarbiyali'q:** Wo`quvshlarda Watang`a bolg`an su`yispenshilik tuyg`i'wlari'n qa`liplestiriw.

**Rawajlandi'ri'wshi':** Woqi'wshi'lardi' muzi'ka ti'n`lawlaw ,shi'g`armani' sezine biliw, xor boli'p qosi'q ayti'wdi' rawajlandi'ri'w.

**Sabaqti'n` metodi':** da`stu`riy yemes, sa`wbet, atqari'wshi'li'q.

**Sabaqti'n` ko`rgizbeli qurallari' :** sabaqli'q, texnikali'q qurallar, saz a`sbaplar, qosi'q avtorlari'ni'n` suwretleri;

**Sabaqti'n` bari'si':** Klassqa muzi'ka menen kiriw, muzi'ka menen sa`lemlesiw.

**Wo`qituwshi':** Assalawma -a`leykim a`ziz balalar

Muzi'kani' suyiwshi' gul men lalalar.

**Wo`quwshi'lar:** Assalawma -a`leykim a`ziz a`ziz ustazlar

Sizge ha`m muzi'kag`a izzet ha`m hurmet.

Na`wbetshi klass xaqqi'nda mag`li'wmat beredi, tekseredi.

**Wo`tilgan temani' qaytalaw «Qa`teni tabi'n`**" usi'li'nan paydalani'p temani' ta`kirarlaw. Bunda birneshe shi'g`armalar ali'ni'p soni'n` duri's yamasa naduri's yekenligin tabadi'.

Aldi'n`g`i' sabaqtag`i' wo`tilgen qosi'qti' xor boli'p atqaradi'.

**Muzi'ka ti'n`law** bo`liminde: ko`rik tan`lawlarda jen`impaz boli'p jurgen qosi'qshi' ha`m sazendelerimizdin` muzi'kalari'nan ti'n`law ham atqari'w haqqi'nda sa`wbet wo`tkeriw kerek.

Taza tema**:** " Wo`zbek muzi'ka sanaati'ni'n` ja`han sahnasi'na shi'g`i'wi' **".**

Temani' ashi'p wo`tiw ushi'n jan`a ped texnologiyadan paydalanami'z ha`m so`zlerdi jasi'ri'p paydalanami'z. Bunda ha`r bir ren`li qatlam asti'nda jasi'ri'n so`zdi tabi'w kerek ha`m sorawlarg`a juwap beriw kerek boladi'.

**Taza qosi'q penen tani'sti'ri'w bo`liminde:** S.Palwanovti'n` «Jasi'l jaylawlari'm» qosi'g`i' menen tani'sti'rsaq boladi'. Son`i'nan kompozitor S.Palwanovti'n` wo`miri ha`m do`retiwshiligi menen woqi'wshi'lardi' tani'sti'ri'p wo`temiz.

( Slayd ja`rdeminde suwretleri ko`rsetiledi)

**Xor boli'p qosi'q ayti'w:** «Jasi'l jaylawlari'm» bul qosi'qti' balalarg`a u`yretiw bari'si'nda ta`biyatti'n` go`zzalli'g`i'n su`wretlewshi video ko`rinislerdi slayd ja`rdeminde ko`rsetiwge boladi'.

**Bekkemlew:** Qosi’q so`zlerin qatarma-qatar u`yretip aytti’rami’z ha`m qaytalaymi’z.

**U`yge tapsi’rma:** Temani’ woqi’p, qosi’qti’ yadlap keliw.

**Bahalaw**: Sabaq dawami’nda tarqatpa materiallardan kartochkalardi’n` yesabi’nan bahalardi’ yesittiriw.

## Juwmaqlaw

Uli’wma worta bilim beriw mekteplerinde woqi’wshi’lardi’ ha`r ta`repleme jetik yetip ta`rbiyalawda ko`rkem-wo`ner soni’n` ishinde ьuzi’ka ko`rkem wo`nerinin` worni’ girewli. Muzi’ka pa`ni woqi’ti’wshi’si’ ьuzi’ka sabag`i’n wo’qi’ti’w arqali’ woqi’wshi’lardi’ muzi’ka a`lemine ali’p baradi’. Wo’qi’ti’wshi’ni’n` da`slepki sabaqlari’nda woqi’wshi’lardi’ kompleksli tu`rde u`yretip bari’wi’ sha`rt. Bunda woni’n` dawi’s si’rlari’, muzi’kali’q jaqtan qa`biletinin` uli’wmali’q da`rejesi na`zerde tuti’ladi’. Psixologiyasi’n, minez quli’qi’n, ta`sirshen`ligi ha`m di’qqat itibari’ dawi’s apparati’ni’n` duri’s rawajlani’wi’ keleshekte ma`deniyatli’ insan boli’wg`a ja`rdem beredi. Biraq belgili ali’mlari’mi’zdi’n` ayti’wi’ boyi’nsha Muzi’ka ta`rbiyasi’ bul tek qana sazendeni ta`rbiyalaw yemes, al wol soni’n` menen birge insandi’ ta`rbiyalaw degen ma`nisti bildiredi. Usi’ so`zlerge su`yengen halda muzi’ka pa`ni woqi’ti’wshi’si’ ha`r bir woqi’wshi’ni’ wo’qi’ti’w ha`m ta`rbiyalaw ushi’n belgili bir pedagogikali’q maqset ha`m wazi’ypani’ belgilewi ha`m jeke ta`rtipte is jobalardi’ du`ziw talap yetiledi. Woqi’wshi’lardi’n` ishinde xali’q qosi’qlari’n jaqsi’ atqaratug`i’n, biraq atqari’w joli’nda kemshilikleri de bar boli’wi’ mu`mkin. Soni’n` menen birge usi’ do`retilgen qosi’qti’n` kompozitorlari’ni’n` basqa shi’g`armalari’n ali’p talqi’lap ko`riw kerek.

Muzi’ka sawati’nan ha`r bir klassta woqi’wshi’lardi’n` jasi’na say muzi’ka bilimleri menen tani’sti’ri’w maqsetke muwapi’q boladi’. Woqi’wi’shlarg`a kompozitor do`retpelerin tani’sti’ri’wdag`i’ maqset har bir insan wo`zinin` u`yrengen qosi’qlari’ ha`m ti’n`lang`an namalari’ni’n` kelip shi’g`i’w tariyxi’, woni’n` do`reliw jollari’ soni’n` menen birge sol kompozitor jasap wo`tken da`wirdin` waqi’yalari’nan xabardar boladi’.

Bizin` xalqi’mi’z du`n`yada xesh kimnen kem bolmasli’g`i’, jas a`wladlari’mi’zli’n` bizden de ko`re ku`shli, bilimli ha`m a`lbette baxi’tli’ boli’wlari’ ushi’n ku`sh jigerimizdi ayamawi’mi’z kerek.

WO`mirimi’zdi’n` dawamshi’lari’ bolg`an jaslarg`a ken` imkaniyatlar jarati’li’p berilmekte. Sog`an qarap ayti’wi’mi’zg`a boladi’ woqi’wshi’ jaslar

kompozitorlar haqqi’nda g`alaba qurallar arqali’ da ko`p mag`li’wmatqa iye boli’p ati’r. Mi’sali’: «Muzi’ka si’rlari’» atli’ tele ko`rsetiwde de muzi’ka sawati’, 3-shi sha`rtinde kompozitorlar, qosi’qshi’lar haqqi’nda ayti’p beriw yetapi’ bar.

Bul tele ko`rsetiw de bizin` woqi’wshi’ jaslari’mi’zg`a muzi’ka si’rlari’n teren` men`geriwge, qosi’qlardi’ yeslep yadi’na saqlawdi’ rawajlandi’radi’. Sonday-aq kompozitorlar haqqi’nda ko`birek mag`li’wmat toplawg`a imkaniyat beredi. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ mektep woqi’wshi’lari’na muzi’ka do`retken kompozitorlar haqqi’nda bilim bergende yen` birinshi usi’ kompozitorlardi’n` shi’g`armalari’n shertip yamasa ti’n`lati’w kerek boladi’. Sonda g`ana woqi’wshi’ shi’g`armani’n` mazmuni’n wondag`i’ ushi’rasatug`i’n dinamikali’q belgiler, kompozitordi’n` wo`zinshelik wo`zgesheligin ko`rip, ti’n`lap biliwge u`yrenedi.

Yeger biz mektep woqi’wshi’lari’na muzi’ka sabag`i’nada muzi’ka sawati’n, kompozitor do`retiwshiligin. jaqsi’ u`yretip qi’zi’qti’ra alsaq wolarda milliy muzi’ka ma`deniyati’mi’zg`a degen xurmet-izzet, Watanni’n` sadi’q perzentleri boli’p jetilisiwge ha`m wolardi’n` ha`r ta`repleme ka`mil insan boli’p ta`rbiyalani’wi’na wo`z u`lesimizdi qosqan bolami’z.

Demek biz juwmaqlap kele aytatug`i’n bolsaq 6-7 klasslarda muzi’ka sabagi’n zaman talabi’na say yetip wo`tiw, arqali’ woqi’wshi’larg`a muzi’ka ma`deniyati’ haqqi’nda teren` bilim berip wolarda sabaqta uyretilgen shi’g`armalar ha`m ti’n`lang`an muzi’kalar arqali’ keleshek a`wladti’ joqari’ insani’yli’q pa`ziyletlerge , jaqsi’ qa`siyetlerge iye bolatug`i’n insan wetip ta`rbiyalaymi’z dep isenim bildirip qalami’z.

Paydalani'lg`an a`debiyatlar

I. A. Karimov «Joqari' ma`na`wiyyat jen`ilmes ku`sh» T. «Ma'naviyat» 2008ji'l.

2.O.Ibraximov va J. Sadirov 7-sinf darslik "G'afur G'ulom" nashryoti Tashkent-2001 yil

3.O.Ibraximov, J.Sadirov, S.Tajetdinova va G.Ul`fetova 7-sinf darslik "G'afur G'ulom" nashryoti Tashkent-2008 yil

4.Дмитриева Л.Г.,Черноиваненко Н.М., Методика музыкального воспитания в школе Москва « Просвещение» 1989г.

5.G.Sharipova Musiqa woqitish metodikasi woquv qollanma Tashkent-2006 yil

6.G.Sharipova Musiqa woqi'ti'sh metodikasi (ma`ruzalar matni) Tashkent-2008 yil

7. O.Ibraximov Musi'qa 4-si'nf uchun darslik. G`.G`ulom nomidagi nashriyot –matbaa ijodiu uyi. Toshkent-2003j

8.. Nurmatov X.,Norxujaev., G`.Amaniyazov muzi'ka sabaqli'g`i'
1-klass.Tashkent-2010

9.. Nurmatov X.,Norxujaev., G`.Amaniyazov muzi'ka sabaqli'g`i'
2-klass.Tashkent-2010

10. Nurmatov X.,Norxujaev., G`.Amaniyazov muzi'ka sabaqli'g`i'
3-klass. Tashkent-2010

11.S.Begmatov, A.Mambetov «Muzi'ka» 6-klass ushi'n sabaqli'q. G'afur G'ulam ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi Tashkent-2008.

12.Дмитриева Л.Г.,Черноиваненко Н.М., Методика музыкального воспитания в школе Москва « Просвещение» 1989г.

13. Шайнская Э.Н, Дебердеева С.Ф, Абралова М.Д Музыка 2-класс методическое пособие для учителей «Гафур Гулям» Ташкент-2008г.

14.Davlat ta`lim standartlari.T-2010 y.

**Internet saytlar:**

http://images.google.ru.

www.Ziyo. net.